# Йесо Киристей Евангели

## Иоанни финст

**Библи тæлмацигæнæг институт**
**Мæску**
**2002**

Йесо Киристей Евангели, Иоанни финст, дигорон æвзагбæл

Евангелие от Иоанна на осетинском (дигорском) языке

Gospel of John in Ossetic (Digor)

Illustrations from © UBS Fauna and Flora Manual used by permission
Illustrations by Horace Knowles
© The British & Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972
Additions and amendments by Louise Bass
© The British & Foreign Bible Society 1994

ISBN 5-93943-035-X
ISBN 91-89122-79-8

© Библи тæлмацигæнæг институт, 2002

*Дигорон ӕвзагмӕ ӕйййивдӕй фиццаг хатт мухури цӕуй Библий киунугутӕй еу — Йесо Киристей Евангели, Иоанни финст.*

*Библи ӕй, ӕгас дуйней адӕм ахиддӕр ке аргъаунцӕ, еци киунугӕ. Е ӕй ӕнӕгъӕнӕ библиотекӕ — ӕ хурфи ци дӕсгай киунугутӕ ес, уони еу мин анземӕй фулдӕрей дӕргъци ӕртӕ ӕвзагебӕл финстонцӕ берӕ адӕймӕгтӕ. Библиӕн ӕ тӕккӕ зундгонддӕр киунугутӕ ӕнцӕ цуппар Евангелий. Грекъаг дзурд «Евангели»-ӕн ӕ медес ӕй «фарни хабар». Уотӕ исхундӕй, зӕнхӕмӕ Ка ӕрцудӕй, Еци Ервӕзунгӕнӕг Йесо Киристей туххӕй хабар. Фӕстӕдӕр еци ном лӕвӕрд ӕрцудӕй, Йесо Киристей цард, Ӕ ахурадӕ, Ӕ дессӕгтӕ, Ӕ рамӕлӕт ӕма Ӕ райгаси туххӕй ка дзоруй, еци киунугутӕн. Евангелитӕй еуей ниффинста Киристей уарзон ахургӕнуйнаг Иоанн. Финсгӕ ба 'й никкодта нӕуӕг доги фиццаг ӕноси кӕрони, грекъаг ӕвзагбӕл. Фӕстӕдӕр еци Евангели ӕйййивд ӕрцудӕй дуйней сӕдӕгай ӕвзӕгтӕмӕ.*

*Нур уомӕн бакӕсӕн ес дигорон ӕвзагбӕл дӕр. Ка 'й ратӕлмац кодта, етӕ еуӕрдигӕй архайдтонцӕ грекъаг тексти медес ӕнӕ ихӕлдӕй, ӕхуӕдӕг куд ӕй, уотемӕй равдесунбӕл, иннердигӕй ба тухстӕнцӕ уобӕл, цӕмӕй текст ӕйййивд цӕуа дигорон ӕвзаги фӕткӕ ӕма ӕгъдӕуттӕмӕ гӕсгӕ.*

*Евангелий автограф (автори къохфинст) ӕхуӕдӕг мах уӕнгӕ не 'рхъӕрттӕй, фал ин ес, раги дзамани къохӕй ке рафинсионцӕ, берӕ уӕхӕн къопитӕ. Дигорон ӕвзагмӕ Евангели ӕйййивд ӕрцудӕй, нур ахургӕндти къохти ка ес, еци тӕккӕ рагондӕр къохфинститӕмӕ гӕсгӕ. Тӕлмацӕн ӕ бундори лӕууй Евангелий грекъаг текст киунугӕй The Greek New Testament. 4 Rev. Ed. ed. by B.Aland, K.Aland, J.Karavidopoulos, C.M.Martini, B.M.Metzger. Stuttgart, 1994.*

*Киунуги хурфи ес хузтӕ, уӕдта феппайуйнӕгтӕ. Сӕ нисан ӕй киунугӕкӕсӕгӕн еуӕй-еу дзурдтӕ ӕма дзурдӕздӕхтити медес ирддӕрӕй равдесун. Киунугӕн ӕ фӕстаг фӕрстӕбӕл ес, Йесо Кdescriptionристе Ӕ зӕнхон цард кӕми рарвиста, еци Израили (Палестини) къартӕ, уӕдта Израилӕн ӕ сӕйраг сахар Иерусалими къартӕ — Евангели ци цаутӕбӕл дзоруй, уонӕн сӕ фулдӕр аци сахари ӕрцудӕнцӕ.*

*Библи тӕлмацигӕнӕг институт арфӕ кӕнуй, Иоанни финст Евангели дигорон ӕвзагмӕ раййевунбӕл ка бакуста, уӕдта 'й мухурмӕ ка бацӕттӕ кодта, уонӕн сӕ еугуремӕн дӕр. Махӕн ӕхцӕуӕн ӕй, дигорӕнттӕн дӕр сӕ маддӕлон ӕвзагбӕл Хуцауи Дзурд бааргъаунмӕ фадуат ке фӕцӕй, е.*

*Библи тӕлмацигӕнӕг институт*

# Йесо Киристей Евангели

## Иоанни финст

## *Царди Дзурд*

1 [1]Райдайæни адтæй Дзурд, æма Дзурд адтæй Хуцаумæ, æма
Дзурд адтæй Хуцау. [2]Дзурд райдайæни адтæй Хуцаумæ. [3]Алци-
дæр Дзурди фæрци исæнтæстæй – цидæриддæр исæнтæстæй,
уонæй æнæ Уомæй неци исæнтæстæй. [4]Дзурди адтæй цард, æма
еци цард адтæй адæмæн рохс. [5]Рохс талинги рохс кæнуй, æма
ибæл талингæ нæ фæуужæлахез æй.

[6]Адтæй Хуцауæй æрвист лæг, æ ном Иоанн. [7]Е æрцудæй æвде-
сæнæн – Рохси туххæй зæгъунмæ, цæмæй адæм уой фæрци æгасæй
дæр бауужæндонцæ. [8]Е æхуæдæг Рохс нæ адтæй, фал æрвист адтæй
Рохси туххæй æвдесæнæн. [9]Еци Рохс адтæй æцæг Рохс – Е рохс
кæнуй дуйнемæ æрцæуæг алли адæймаги дæр.

[10]Еци Рохс адтæй, Уомæн Æхе фæрци ка исæнтæстæй, еци
дуйней, фал Æй дуйне нæ базудта. [11]Æхеуонтæмæ æрцудæй, æма
’Й Æхеуонтæ нæ райстонцæ. [12]Фал Ибæл ка бауужæндтæй æма ’Й
ка райста, уонæн ба Хуцауи сувæллæнттæ исуни барæ равардта.
[13]Етæ нæдæр тог æма стæгæй, нæдæр нæлгоймаги фæндонæй, фа-
лæ Хуцауæй райгурдæнцæ.

[14]Дзурд иссæй Адæймаг æма æрцардæй не ’хсæн, æма Ин мах
фæууидтан Æ кадæ – Фиди еунæг Фурти кадæ. Фурти фæрци нин
раргом æнцæ Хуцауи еугур хуарзæнхæ æма æцæгдзийнадæ.
[15]Иоанн Фурти туххæй æвдесæн лæууй æма гъæрæй дзоруй: «Айæ
æй Е, уотæ Ке туххæй загътон: „Мæ фæсте Цæуæг фæцæй мæ ра-
зæй, уомæн æма æз нæма адтæн, Е ба адтæй“». [16]Æма Уой æн-
хæстдзийнадæй мах не ’гас дæр райстан æнæкæрон хуарзæнхæ.
[17]Уомæн æма адæмæн Хуцауи Закъон равардта Моисей, Хуцауи
хуарзæнхæ æма æцæгдзийнадæ ба раргом кодта Йесо Киристе[a].
[18]Хуцауи некæд неке фæууидта, фал Æй адæмæн раргом кодта Æ
еунæг Фурт – Е Фиди хæццæ æй еу æма æй æцæг Хуцау.

---

[a] **1:17** *Закъон* – Рагон Израили закъонти æмбурдгонд.
*Моисей* – Израили кадгиндæр пахампар (пахампар, уруссагау «про-
рок» – Хуцау адæмæн Æ дзурд ке фæрци игъосун кæнуй, еци адæймаг).
*Киристе*, грекъагау «Христос», дзиуиттагау «Мессиа» – амонуй «исæрст»
(Рагон Израили зайæгойи сойнæй байсæрдионцæ саугинтæ, пахампартæ
æма паддзæхти, гъома, Хуцау Æхецæн лæггадæ кæнунмæ ке равзаридæ,
уони). Хуцау незаманти дзиуиттаг адæмæн зæрдæ байвардта Мессиай
сæмæ рарветунæй, цæмæй син Е æрхæсса ервæзундзийнадæ æма зæн-
хæбæл еугур адæмтæн дæр æносмæ паддзахеуæг кæна.

### *Иоанн зæгъуй Киристей туххæй*

[19] Иудейтæ[а] Иерусалимæй Иоаннмæ саугинтæ æма левитти ку
рарвистонцæ, ду ка дæ, зæгъгæ, æй бафæрсунмæ, уæд Иоанн æв-
десæн лæудтæй, [20] нæ басосæг
кодта æма æргомæй загъта: «Æз
Киристе нæ дæн». [21] Уæдта 'й
бафарстонцæ: «Мадта ка дæ?
Елиа[б]?» Е загъта: «Нæ дæн».
«Дуйнемæ æрцæуйнаг ка адтæй,
еци Пахампар дæ?» Дзуапп ра-
вардта: «Нæ дæн». [22] Загътонцæ
ин: «Мадта ка дæ? Ци дзуапп
раттæн нæ рарветгутæн? Ци
зæгъдзæнæ дæхе туххæй?» [23] Е
син загъта пахампар Исайи
дзурдтæй: «Æз дæн æдзæрæг
бæсти федог: æмраст искæнетæ
Хецауи над».



*Иудейаг саугин (рахес фарсæй) æма левит – Иерусалими Ковæндони кæстæр лæггадæгæнæг*

[24] Уæд фарисейтæ[в] ке рарвистонцæ, [25] етæ 'й бафарстонцæ:
«Мадта кæд ду нæдæр Киристе нæ дæ, нæдæр Елиа, нæдæр Па-
хампар, уæд цæмæн аргъауис донæй[г]?» [26] Иоанн син дзуапп ра-
вардта: «Æз донæй аргъаун, фалæ уе 'хсæн
лæууй, сумах Ке нæ зонетæ, Е – [27] мæ фæсте
Цæуæг. Æз Уомæн Æ гонцарухъи бæттæн
райхалуни аккаг дæр нæ дæн». [28] Аци дзубан-
ди рауадæй Вифавари, Иордани цæугæдони
иннæ билæбæл – Иоанн донæй кæми аргъуд-
та, уоми.



*Гонцарухътæ*

---

[а] **1:19** Иоанни Евангелий дзурд *иудей* ахид амонуй «иудейаг хецау».

[б] **1:21** *Елиа* – Израили кадгиндæр пахампар. Уодæгасæй æй исиста Хуцау уæларвмæ, æма ин дзиуиттæгтæ æнгъæлмæ кастæнцæ е 'рæздæхтмæ.

[в] **1:24** *Фарисейтæ* – дзиуиттаг дини къуар. Сæхе гъардтонцæ Моисейи Закъони алли ханхæ, уæдта, финст ка не 'рцудæй, еци иудейаг æгъдæуттæ дæр æнхæст кæнунбæл.

[г] **1:25** *Донæй аргъаун* (уруссагау «крестить») – æ тæрегъæдтæбæл ка æрфæсмон кодта, еци адæймаги донæй æрæхснун.

### *Хуцауи Уæриккæ*

29 Дуккаг бон Иоанн уинуй Йесой æхемæ æрбацæйцæугæ æма
дзоруй: «Мæнæ Хуцауи Уæриккæ, дуйней тæрегъæд Ка фæххæс-
суй, Е. 30 Айæ æй, æз уотæ Ке туххæй загътон: „Мæ фæсте Ци Лæг
цæуй, Е мæ разæй фæцæй, уомæн æма æз нæма адтæн, Е ба ад-
тæй“. 31 Æз Æй нæ зудтон, фал донæй аргъаунмæ уомæн æрцуд-
тæн, цæмæй Е Израилæн раргом уа». 32 Æвдесæн лæугæй Иоанн
дзурдта: «Æз фæууидтон Хуцауи Уоди уæларвæй бæлæуау æрцæй-
цæугæ æма Уомæ байзайгæ. 33 Æз Æй нæ зудтон, фал мæ донæй
аргъаунмæ Ка рарвиста, Е мин загъта: „Уоди æрцæйцæугæ æма
байзайгæ Кæмæ фæууинай, Е æй Сугъдæг Уодæй[а] аргъауæг“.
34 Æма æз фæууидтон æма æвдесæн лæуун: Е æй Хуцауи Фурт».

### *Фиццаг ахургæнуйнæгтæ*

35 Дуккаг бон дæр Иоанн лæудтæй æ ахургæнуйнæгтæй дууей
хæццæ. 36 Æма Йесой цæугæ ку фæууидта, уæд загъта: «Мæнæ
Хуцауи Уæриккæ». 37 Еци дзурдтæ ахургæнуйнæгтæ ку фегъус-
тонцæ, уæд сæ дууæ дæр рандæ ’нцæ Йесой фæдбæл. 38 Йесо фæс-
тæмæ ку ракастæй æма сæ Æ фæдбæл цæугæ ку фæууидта, уæд сæ
фæрсуй: «Ци уæ гъæуй?» Етæ Ин загътонцæ: «Равви, кæми цæ-
рис?» («Равви» тæлмацигондæй æй «ахургæнæг».) 39 Е син загъта:
«Рацотæ æма фæууиндзинайтæ». Адтæй цуппар сахаттемæ хæстæг.
Етæ рандæ ’нцæ æма фæууидтонцæ, Йесо кæми цардæй, уой. Еци
бон фæцæнцæ Æ хæццæ.

40 Иоаннæй ка фегъуста æма Йесой фæдбæл ка рацудæй, еци
дууемæй еу адтæй Андрей, Симон Петри æнсувæр. 41 Андрей фиц-
цагидæр байагурдта е ’нсувæр Симони æма имæ дзоруй: «Мах ис-
сирдтан Мессиай» (гъома, Киристей). 42 Æма ’й æрхудта Йесомæ.
Йесо имæ бакастæй æма ин загъта: «Ду дæ Иони фурт Симон, дæ
ном хундзæнæй Кифæ» (гъома, Петр)[б].

### *Филипп æма Нафанаил*

43 Дуккаг бон Йесой бафæндадтæй Галилейи бæстæмæ цæун.
Иссирдта Филиппи æма ин зæгъуй: «Мæ фæдбæл рацо». 44 Филипп
адтæй, Андрей æма Петр кæцæй адтæнцæ, еци сахарæй, Виф-
саидæй. 45 Филипп байагурдта Нафанаили æма ин загъта: «Мах

---

[а] **1:33** *Сугъдæг Уод* – гъома, Хуцауи Уод.

[б] **1:42** *Кифæ* (дзиуиттагау), *Петр* (грекъагау) – «дор».

иссирдтан, Моисей Закъони Ке туххæй финста æма пахампартæ
Ке тухxæй финстонцæ, Еци Назаретаг Йесой, Иосифи фурти».
46 Нафанаил ба ин загъта: «Назаретæй дæр еске ести хуарз фегъосдзæнæй?» Филипп ин зæгъуй: «Цо æма фæууинæ».


*Легъви (инжир)*

47 Йесо фæууидта Нафанаили Æхемæ
æрбацæйцæугæ æма загъта: «Мæнæ
æцæг æнæсайд израилаг». 48 Нафанаил
Ин загъта: «Кæцæй мæ зонис?» Йесо
ин дзуапп равардта: «Филипп дæмæ
нæма фæдздзурдта, Æз ба дæ фæууидтон легъви бæласи буни». 49 Нафанаил
Имæ дзоруй: «Равви! Ду Хуцауи Фурт
дæ, Ду Израили Паддзах дæ». 50 Йесо ба
ин дзуапп равардта: «Ду æууæндис,
уомæн æма дин загътон: „Æз дæ фæууидтон легъви бæласи буни“. Фæууиндзæнæ ма уомæй фулдæр».
51 Æма ин загъта: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: уиндзинайтæ
уæларв игонæй æма Хуцауи Изæдти исцæйцæугæ æма Адæймаги
Фуртмæ[а] æрцæйцæугæ».

### *Фиццаг дессаг*

2 1 Æртиккаг бон галилейаг сахар Кани адтæй киндзæхсæвæ, æма
Йесой Мадæ дæр уоми адтæй. 2 Киндзæхсæвæмæ хунд адтæнцæ
Йесо æма Æ ахургæнуйнæгтæ дæр. 3 Æма сæнæ ку фæцæй, уæд
Йесойæн Æ Мадæ зæгъуй: «Сæнæ сæмæ нæбал ес». 4 Йесо Ин
дзуапп равардта: «Уой Мæнæй ци агорис, Мæ Мадæ? Мæ рæстæг
нæма æрцудæй». 5 Æ Мадæ дзоруй зелæнгæнгутæмæ: «Ци уин зæгъа, уой бакæнетæ».

6 Еци рауæн адтæй дорæй конд æхсæз гъосини, дон си цудæй
фæйнæ дууæ-æртæ барæни[б]. Еци дон гъудæй иудейти æгъдаумæ
гæсгæ хе кæдзос кæнуни тухxæй. 7 Йесо дзоруй зелæнгæнгутæмæ:
«Гъосинтæ донæй байдзаг кæнетæ». Æма сæ бамбилтæ кодтонцæ.
8 Уæдта син Йесо зæгъуй: «Нур-а си исесетæ æма ’й хæссетæ кувди
хестæрмæ». Фæйхастонцæ. 9 Кувди хестæр райахуста, сæнæ ци дон

---

а **1:51** Дзиуиттагау загъд *адæймаги фурт* амонуй «адæймаг»; пахампар Даниил уотæ исхудта æрцæуйнаг Мессиай (кæсæ 1:17 стихи феппайуйнагмæ). Уотæ Йесо Киристе Æхе хонуй Æхуæдæг дæр.

б **2:6** *2–3 барæни* æй 80–120 литри.

фестадæй, уомæй. Нур сæнæ кæцæй æй, уой ба нæ зудта – уой
зудтонцæ, æрмæстдæр дон ка исиста, еци зелæнгæнгутæ. Уæд хес-
тæр фæдздзурдта сиахсмæ 10 æма ин загъта: «Алке раздæр æрæвæ-
руй хуарз сæнæ, сæ фагæ ку баниуазунцæ, уæдта – лæгъуздæр. Ду
ба хуарз сæнæ нурмæ ниууагътай».

11 Уотæ Йесо галилейаг Кани исаразта Æ дессæгти фиццаг, рар-
гом кодта Æ кадæ æма Ибæл Æ ахургæнуйнæгтæ баууæндтæнцæ.
12 Уой фæсте Йесо æрцудæй Капернауми сахармæ Æ Мадæ, Е
’нсувæртæ æма Æ ахургæнуйнæгти хæццæ, æма си фæцæй цалдæр
бони.

### *Йесо кæдзос кæнуй Ковæндонæ*

13 Æрхæстæг æй иудейаг Коууадзæн[a]. Йесо исцудæй Иерусалим-
мæ, 14 æма Ковæндони фæуидта: уæйæ си кодтонцæ галтæ, фустæ
æма бæлæутæ, уæдта си бадтæй æхца æййевгутæ. 15 Йесо бæттæн-
тæй æхсæ исбидта, ратардта Ковæндонæй æгасей дæр: фустæ æма
галтæ дæр; æхца æййевгутæн ниппурх кодта се ’хца, сæ фингитæ
син иннердæмæ исхатта, 16 бæлæутæ уæйæгæнгутæн ба загъта:
«Рандæ сæ кæнетæ ардигæй æма Мæ Фиди Хæдзарæй уæйæгæнæн



*Иерусалими Ковæндонæ Йесо Киристей дзамани*

[a] **2:13** *Иудейаг Коууадзæн* (Пасха) – уалдзигон бæрæгбон, Хуцау дзи-
уиттæгти, Моисей сæ сæргъи, уотемæй египетаг цагъайрадæй ке раер-
вæзун кодта, уой имисунæн.

хæдзарæ ма аразетæ». 17 Уæд Æ ахургæнуйнæгтæн сæ зæрдæбæл
æрлæудтæй, Сугъдæг Финст ци зæгъуй, е: «Дæ Хæдзарæбæл мæтæ
Мæ уодхарæй маруй».

18 Йесой иудейтæ бафарстонцæ: «Циуавæр дессагæй нæ бауæн-
дун кæндзæнæ, уæхæн бартæ Дæмæ ке ес, уобæл?» 19 Йесо син
дзуапп равардта: «Фехалетæ аци Ковæндонæ, æма ’й Æз æртæ бо-
немæ исараздзæнæн». 20 Иудейтæ Ин загътонцæ: «Аци Ковæндонæ
æхсæз æма дууинсæй анзи аразтонцæ, Ду ба ’й æртæ бонемæ иса-
раздзæнæ?» 21 Йесо ци Ковæндони туххæй дзурдта, е ба адтæй Æ
бауæр. 22 Мæрдтæй ку райгас æй, уæд Æ ахургæнуйнæгтæн еци
дзурд сæ зæрдæбæл æрлæудтæй, æма бауæндтæнцæ Сугъдæг
Финстбæл дæр æма еци дзурдбæл дæр.

### *Йесо уинуй адæймаги зæрдæ*

23 Йесо Коууадзæни бæрæгбони Иерусалими ку адтæй, уæд Ибæл
беретæ бауæндтæнцæ, уомæн æма уидтонцæ, ци дессæгтæ аразта,
уони. 24 Фалæ Йесо Æхе уони евгед нæ кодта, уомæн æма зудта æга-
сей дæр. 25 Уой гъæуагæ нæ адтæй, цæмæй Ин еске адæми туххæй ба-
лæдæрун кæна – Æхуæдæг зудта, адæймаги зæрди ци ес, уой.

### *Йесо æма Никодим*

**3** 1 Фарисейти æхсæн адтæй еу иудейаг хе-
цау, æ ном Никодим. 2 Æхсæвигон æрба-
цудæй Йесомæ æма Ин загъта: «Равви, мах
зонæн, Ду Хуцауæй æрцæуæг Ахургæнæг дæ –
Ду ци дессæгтæ аразис, уони исфæлдесун неке
бон бауодзæнæй, Хуцау æ хæццæ ку нæ уа,
уæд». 3 Йесо ин загъта: «Æцæг, æцæг зæгъун
дæуæн: нæуæгæй ка нæ райгура, уой бон
Хуцауи Паддзахадæ фæууинун нæй». 4 Нико-
дим зæгъуй Уомæн: «Куд гъæуама райгура
адæймаг, зæронд уогæй? Гæр, дуккаг хатт æ
мади губунмæ бацæуун æма райгурун æ бон куд
бауодзæнæй?»



*Фарисей*
*Хуцаумæ ковгæй*

5 Йесо ин дзуапп равардта: «Æцæг, æцæг зæ-
гъун дæуæн: дон æма Хуцауи Уодæй ка нæ
райгура, уомæн Хуцауи Паддзахадæмæ бацæуун
æ бон нæй. 6 Адæймагæй игурд æй адæймаг,
Уодæй игурд ба æй уод. 7 Ма дес кæнæ Мæ загъдбæл: „Нæуæгæй
райгурун гъæуй сумах“. 8 Хуцауи Уод думги хузæн æй: думгæ думуй,

кæми æй фæндуй, уоми, æ унæр ин игъосис, фалæ нæ зонис, кæцæй æрбацæуй æма кумæ цæуй. Уотæ фæууй, Уодæй кадæр райгуруй, уой гъуддаг дæр».

[9] Никодим Ин загъта: «Уомæн уæн куд ес?» [10] Йесо ин дзуапп
равардта: «Ду Израили ахургæнæг ку дæ, уæд уой нæ зонис?
[11] Æцæг, æцæг зæгъун дæуæн: Мах ци зонæн, уобæл дзорæн, æма æвдесæн лæууæн, ци фæууидтан, уобæл; сумах ба Нин Нæ дзурдтæбæл не 'ууæндетæ.
[12] Æз уин загътон зæнхон гъуддæгти туххæй, æма не 'ууæндетæ; уæларвон гъуддæгти туххæй уин ку дзорон, уæдта куд бауæнддзинайтæ?
[13] Уæларвмæ некема исцудæй, уордигæй Ка æрцудæй, Еци Адæймаги Фуртæй уæлдай.
[14] Æма Моисей æдзæрæг бæсти æрхин хелагæ уæлæмæ куд исиста, уотæ гъæуама уæлæмæ ист æрцæуа Адæймаги Фурт дæр,
[15] цæмæй Уобæл кадæр æууæндуй, уомæн уа æносон цард[a].

[16] Хуцау уотæ бауарзта дуйне, æма равардта Æ еунæг Фурти мæлæтмæ, цæмæй Фуртбæл кадæр æууæндуй, е ма фесæфа, фал ин уа
æносон цард.
[17] Уомæн æма Хуцау Æ Фурти дуйнейæн тæрхон кæнунмæ нæ рарвиста, фал цæмæй дуйне Уой фæрци ервæзт æрцæуа.
[18] Уобæл ка æууæндуй, уомæн тæрхон нæййес. Уобæл ка не 'уæндуй, е ба нур дæр тæрхонгонд æй, уомæн æма нæ бауæндтæй Хуцауи еунæг Фуртбæл.
[19] Тæрхон ба уой медæг æй, æма рохс æрцудæй дуйнемæ, фал адæм талингæ бауарзтонцæ рохси бæсти, уомæн æма сæ гъуддæгтæ хæран æнцæ.
[20] Лæгъуз гъуддæгтæ кадæр
кæнуй, уомæн æнæуинон æй рохс æма нæ цæуй рохсмæ, цæмæй æ гъуддæгтæ ма раргом уонцæ.
[21] Фал Хуцауи æцæгдзийнади коммæ ка кæсуй, е ба цæуй рохсмæ, цæмæй æ гъуддæгтæ æргом уонцæ, уомæн æма етæ Хуцауи фæндон æнцæ».

### *Йесо æма Иоанн*

[22] Уой фæсте Йесо Æ ахургæнуйнæгти хæццæ æрбацудæй Иудейаг бæстæмæ, уоми адтæй сæ хæццæ æма донæй аргъудта.
[23] Иоанн ба донæй аргъудта Энони, Салиммæ хæстæг – уоми цудæй берæ дон, æма имæ адæм цудæнцæ донаргъуд райсунмæ.
[24] (Уæд Иоанн ахæст нæма адтæй.)

---

[a] **3:14-15** Моисейи дзамани дзиуиттæгтæ æдзæрæг бæсти ку цардæнцæ, уæд сæбæл еу хатт сæхе ниццавтонцæ хелæгтæ. Хуцауи фæндонмæ гæсгæ Моисей æрхиæй исаразта хелагæ æма æй уæлæмæ исиста. Хелагæ кæбæл фæххуæцидæ, е æрхин хелагæмæ ку скæсидæ, уæд мæлæтæй фæййервæзидæ.

25 Иоанни ахургæнуйнæгтæ æма еу иудейи æхсæн рауадæй буцæу
хе кæдзос кæнуни æгъдауи фæдбæл. 26 Ӕрбацудæнцæ Иоаннмæ æма
ин загътонцæ: «Равви, Иордани иннæ билæбæл дæ хæццæ Ка ад-
тæй, æвдесæн Ке туххæй лæудтæ, мæнæ Е донæй аргъауй æма еугу-
рæй дæр Уомæ цæунцæ». 27 Иоанн загъта: «Адæймаги бон неци æй,
уæларвæй ин лæвæрд ку нæ уа, уæд. 28 Сумах уæхуæдтæ ме ’вдесæн,
уотæ ке загътон: „Ӕз Кbadристе нæ дæн, фалæ æрвист дæн Ӕ разæй“.
29 Киндзæ курд кæмæн ес, е сиахс æй; сиахси лимæн ба лæууй, игъо-
суй ин æ дзурд æма хъæбæр цийнæ кæнуй. Нур мæ аци цийнæн кæ-
рон нæййес. 30 Гъæуама Е ирæза, æз ба – æрниллæг уон.

31 Уæларвæй Ӕрцæуæг æгасемæй дæр уæлдæр æй; зæнхон ба зæн-
хон æй æма дзоргæ дæр кæнуй куд зæнхон. Уæларвæй Ӕрцæуæг
æгасемæй дæр уæлдæр æй. 32 Е ци фæууидта æма ци фегъуста, уони
туххæй æвдесæн лæууй, фал Ин Ӕ дзурдбæл ба неке æууæндуй.
33 Ӕ дзурдбæл Ин ка æууæндуй, е ба уомæй æ къох ниввардта,
Хуцауи дзурд æцæг ке æй, уобæл. 34 Хуцау Ке рарвиста, Е Хуцауи
дзурдтæ дзоруй, уомæн æма Хуцау Ӕ Уод æнæбæрцæй дæттуй.
35 Фидæ уарзуй Фурти æма Ин алцидæр равардта Ӕ къохмæ. 36 Фурт-
бæл ка æууæндуй, уомæн ес æносон цард. Фуртмæ ка нæ игъосуй,
е ба нæ фæууиндзæнæй цард, фал уобæл ес æма уодзæнæй Хуцауи
фудæнхæ».

### *Йесо æма самариаг силгоймаг*

4 1 Йесой ахургæнуйнæгти нимæдзæ Иоанни ахургæнуйнæгтæй
фулдæр ке кодта, донæй дæр Йесо уомæй фулдæр ке аргъудта,
уой фегъустонцæ фарисейтæ. 2 (Уогæ Йесо Ӕхуæдæг нæ аргъудта
донæй, фалæ аргъудтонцæ Ӕ ахургæнуйнæгтæ.) Йесо уой ку базуд-
та, 3 уæд ниууагъта Иудейаг бæстæ æма бабæй рандæ ’й Галилеймæ.

4 Цæугæ ин адтæй Самарий
бæстæбæл. 5 Ӕрбацудæй Сихар-
мæ, самариаг сахармæ – Иаков[a]
æ фурт Иосифæн ци зæнхи хай
равардта, уомæ хæстæг. 6 Уоми
адтæй Иакови цъай. Йесо ба-
фæлладæй надбæл æма цъайи
рази æрбадтæй. Адтæй рæфтæ.



*Цъай Рагон Израили*

7 Дон хæссунмæ æрбацудæй самариаг силгоймаг. Йесо имæ дзо-
руй: «Дон Мин раттай». 8 (Ӕ ахургæнуйнæгтæ ба сахармæ хуæруйнаг

[a] **4:5** *Иаков* – дзиуиттæгти рагфиддæл.

ӕлхӕнунмӕ рандӕ ’нцӕ.) 9 Самариаг силгоймаг Имӕ дзоруй: «Ду,
иудей, мӕнӕй, самариагӕй, корис дон?» (Иудейтӕ самариӕгтӕ-
бӕл ӕнвӕрсгӕ дӕр ку нӕ кӕнунцӕ.) 10 Йесо ин зӕгъуй: «Ду
Хуцауи хуарзӕнхӕ ку зонисӕ, ӕма дин уотӕ Ка зӕгъуй: „Дон Мин
раттай“, Уой ку зонисӕ, уӕд Уомӕй дӕхуӕдӕг корисӕ, ӕма дин Е
раттидӕ цардӕттӕг дон».

11 Силгоймаг Имӕ дзоруй: «Хуарз лӕг, дон цӕмӕй исесай, е дӕр
Дӕмӕ нӕййес, цъай ба арф ӕй. Кӕцӕй Дӕмӕ ес цардӕттӕг дон?
12 Аци цъай махӕн ниууагъта нӕ фиддӕлти фидӕ Иаков. Ӕхуӕдӕг
дӕр си ниуазта, ӕ фурттӕ дӕр си ниуазтонцӕ, ӕ фонс дӕр. Гӕр,
Ду уомӕй уӕлдӕр дӕ?» 13 Йесо ин зӕгъуй: «Аци донӕй кадӕр ни-
уаза, е бабӕй ӕдонуг кӕндзӕнӕй. 14 Ӕз ке раттон, еци донӕй ка
баниуаза, е ба ӕносмӕ дӕр нӕбал исӕдонуг уодзӕнӕй. Фалӕ ин
Ӕз ци дон раттон, е ӕ зӕрди фестдзӕнӕй, ӕносмӕ цард ка дӕт-
туй, уӕхӕн сауӕдонӕ». 15 Силгоймаг дзоруй: «Хуарз лӕг, раттай
мин еци донӕй, цӕмӕй ӕдонуг ма кӕнон ӕма дон хӕссунмӕ ар-
дӕмӕ ма цӕуон».

16 Йесо ин зӕгъуй: «Цо, фӕдздзорӕ дӕ сӕрихецаумӕ ӕма фӕс-
тӕмӕ раздӕхӕ». 17 Силгоймаг Ин дзуапп дӕттуй: «Лӕг мин нӕй-
йес». Йесо ин зӕгъуй: «Раст зӕгъис: „Лӕг мин нӕййес“. 18 Уомӕн
ӕма дин адтӕй фондз лӕги, ӕма нур ке хӕццӕ цӕрис, е дӕр дӕ
лӕг нӕй – уомӕй ду раст зӕгъис».

19 Силгоймаг Ин зӕгъуй: «Ме ’лдар, уинун ӕй, пахампар дӕ Ду.
20 Нӕ фиддӕлтӕ аци хонхбӕл кувтонцӕ Хуцаумӕ; сумах ба, иудей-
тӕ, уотӕ зӕгъетӕ, ковун кӕми гъӕуй, еци бунат Иерусалими ӕй,
зӕгъгӕ». 21 Йесо имӕ дзоруй: «Бауўӕндӕ, хуарз уосӕ, ӕрцӕуй уӕ-
хӕн рӕстӕг, ӕма нӕдӕр аци хонхбӕл, нӕдӕр ба Иерусалими ков-
дзинайтӕ Фидӕмӕ. 22 Сумах, самариӕгтӕ, кӕмӕ коветӕ, уой нӕ
зонетӕ; мах ба, иудейтӕ, кӕмӕ ковӕн, уой зонӕн, уомӕн ӕма
ервӕзундзийнадӕ иудейтӕй рацӕудзӕнӕй. 23 Фалӕ ӕрцӕуй уӕхӕн
рӕстӕг, уӕдта цӕугӕ дӕр ӕркодта, ӕма ӕцӕг ковгутӕ Фидӕмӕ
ӕцӕг кувд кӕндзӕнӕнцӕ, Сугъдӕг Уоди фӕрци исразӕнгард
уогӕй, уомӕн ӕма Фиди уӕхӕн ковгутӕ гъӕуй. 24 Хуцау ӕй уод,
ӕма Имӕ ка ковуй, етӕ Имӕ гъӕуама, Сугъдӕг Уоди фӕрци исра-
зӕнгард уогӕй, ӕцӕг кувд кӕнонцӕ».

25 Силгоймаг Имӕ дзоруй: «Зонун, Мессиа (гъома, Кknown) ке
ӕрцӕудзӕнӕй; ӕма ку ӕрцӕуа, уӕд нин алцидӕр балӕдӕрун
кӕндзӕнӕй». 26 «Е Ӕз дӕн, дӕ хӕццӕ Дзорӕг», – зӕгъуй ин
Йесо.

### *Ахургæнуйнæгтæ æрбаздахтæнцæ*

27 Уалинмæ æрбаздахтæнцæ Æ ахургæнуйнæгтæ æма дес код-
тонцæ, Е силгоймаги хæццæ ке дзубанди кодта, уобæл; фал уонæй еу
дæр Йесой нæ бафарста: «Ци Дæ гъæуй?» кенæ: «Цæй фæдбæл дзу-
банди кæнис æ хæццæ?» 28 Силгоймаг ниууагъта æ гъосин, рандæ ’й
сахармæ æма адæммæ дзоруй: 29 «Цæуайтæ, фæууинетæ, цидæриддæр
бакодтон, уони мин Ка загъта, Еци Адæймаги. Цума Е Кириста
нæй?» 30 Адæм рацудæнцæ сахарæй æма рараст æнцæ Йесомæ.

31 Уæдмæ ба Ин ахургæнуйнæгтæ лигъстæ кодтонцæ: «Равви, ба-
хуæрæ». 32 Фалæ син Йесо загъта: «Мæнмæ ес, сумах ке нæ зонетæ,
уæхæн хуæруйнаг». 33 Уæд ахургæнуйнæгтæ дзурдтонцæ кæрæдзе-
мæн: «Еске Ин æрбахаста хуæруйнаг?» 34 Йесо син зæгъуй: «Мæ-
нæн Мæ хуæруйнаг æй Мæ Рарветæги фæндон аразун æма Уой
гъуддаг исæнхæст кæнун.

35 Сумах уотæ нæ дзоретæ, цуппар мæйи ма байзадæй хумгæр-
дæнтæмæ, зæгъгæ? Æз ба уин зæгъун: ракæсетæ уæ цæститæй æма
фæууинетæ, хумтæ куд исбор æнцæ æма кæрдунмæ куд исцæттæ
’нцæ, уой. 36 Хумгæрдæг æ мизд райсуй æма тиллæг æмбурд кæнуй
æносон цардæн. Уотемæй итауæг дæр æма хумгæрдæг дæр еумæ
цийнæ кæнунцæ. 37 Ами раст æй уадзæндзурд: „Еу итауй, иннæ ба
кæрдуй“. 38 Æз уæ рарвистон, сумах кæбæл нæ бахъиамæт кодтай-
тæ, уой кæрдунмæ: æндæртæ бахъиамæт кодтонцæ, сумах ба син
сæ фæллойнæй пайда кæнетæ».

### *Самариæгтæй беретæ бауууæндтæнцæ*

39 Нур силгоймаг ку радзурдта, цидæриддæр бакодтон, уони мин Е
загъта, зæгъгæ, уæд еци сахари цæрæг самариæгтæй беретæ бау-
уæндтæнцæ Йесобæл. 40 Йесомæ самариæгтæ ку æрцудæнцæ, уæд
Ин лигъстæ кодтонцæ, цæмæй фæууа сæ хæццæ. Æма сæмæ фæцæй
дууæ бони. 41 Æма берæ фулдæр адæм бауууæндтæнцæ Уобæл, Æхе-
мæ Ин ку байгъустонцæ, уæд. 42 Еци силгоймагæн ба дзурдтонцæ:
«Нур дæу загъдмæ гæсгæ нæбал æуууæндæн – нæхуæдтæ фегъустан
æма зонæн, Е æцæгæйдæр дуйней Ервæзунгæнæг ке æй, уой».

### *Йесо исдзæбæх кодта биццеуи*

43 Дууæ боней фæсте Йесо рацудæй уордигæй æма рандæ ’й
Галилеймæ. 44 (Уомæн æма Е Æхуæдæг ку загъта, пахампарæн æ
фидибæсти кадæ нæйййес, зæгъгæ.) 45 Галилеймæ ку æрбацудæй,
уæд Ибæл галилейæгтæ фембалдæнцæ табедзæгæнгæ, уомæн æма

етæ дæр бæрæгбони Иерусалими адтæнцæ æма фæууидтонцæ,
Йесо уоми цидæр дессæгтæ исаразта, уони.

46 Нæуæгæй бабæй æрбацудæй галилейаг Канæмæ, дон сæнæ
кæми фестун кодта, уордæмæ. Паддзахи еу æлдарæн Капернауми
æ фурт сæйгæ адтæй. 47 Æлдар ку фегъуста, Йесо Иудейаг бæстæй
Галилеймæ ке æрцудæй, уой, уæд Æ размæ рандæ ’й æма Ин
лигъстæ кодта, цæмæй æрцæуа æма ин æ фурти исдзæбæх кæна,
уомæн æма е мæлгæ кодта. 48 Йесо ин загъта: «Дессæгтæ æма тæ-
мæстæ ку нæ фæууинайтæ, уæд нæ бауæнддзинайтæ». 49 Æлдар
Ин зæгъуй: «Хецау, рацо, цалинмæ сувæллон нæма рамардæй,
уæдмæ». 50 «Цо, дæ фурт цæрдзæнæй», – дзоруй имæ Йесо. Е бау-
уæндтæй, Йесо ин ци загъта, уобæл, æма рандæ ’й.

51 Надбæл æлдарбæл фембалдæнцæ æ цагъартæ æма ин загъ-
тонцæ: «Дæ биццеу фæдздзæбæх æй». 52 «Цал сахаттебæл ин фен-
цондæр æй?» – фæрсуй сæ е. Загътонцæ ин: «Æзинæ имæ, бонæй,
фиццаг сахатбæл, тæвдæ нæбал адтæй». 53 Уæд и фидæ базудта: æ
биццеу фæдздзæбæх æй тæккæ еци сахатбæл, Йесо ин уотæ ку
загъта, дæ фурт цæрдзæнæй, зæгъгæ. Æма бауæндтæй æхуæдæг
дæр æма æ еугур хæдзайронтæ дæр.

54 Уотæ дуккаг хатт Йесо Иудейаг бæстæй Галилеймæ æрбацудæй
æма дессаг исаразта.

### ***Æртайæн Вифездæ***

5 1 Уой фæсте адтæй иудейаг бæрæгбон, æма Йесо исцудæй
Иерусалиммæ. 2 Иерусалими, Фусти колдуари рази, адтæй æр-
тайæн фондз сæрæмбæрзт бацæуæней хæццæ. Дзиуиттагау хунд-
тæй Вифезда[а]. 3 Бацæуæнти хъанæй лæудтæнцæ берæ сæйгитæ:
хъæрæутæ, къулухтæ, цæмпултæ [æма æнгъæлмæ кастæнцæ дони
базмæлдмæ: 4 Хуцауи Изæд усмæй-усмæмæ æхе æруадзидæ æрта-
йæнмæ æма дон исæзмæнтидæ, æма и донмæ уой хæсдзæф ка
ниххезидæ, е исдзæбæх уидæ цифæнди незæй дæр][б].

5 Уоми адтæй, æстдæс æма инсæй анзи ка фæссадæй, уæхæн
лæг. 6 Йесо æй хъанæй ку фæууидта æма, рагæй сæйуй, уой ку ба-
зудта, уæд ин зæгъуй: «Фæндуй дæ исдзæбæх ун?» 7 Сæйгæ Ин
дзуапп равардта: «Хуарз лæг, дони базмæлди хæсдзæф мæ æрта-
йæнмæ ка ниййеса, уæхæн адæймаг мин нæййес. Цалинмæ æз
фæххезун, уæдмæ æндæр мæ разæй фæууй». 8 Йесо имæ дзоруй:

[а] **5:2** Гъома «Хуцауи хуарзæнхи хæдзарæ».

[б] **5:4** Къæлæтти æвæрд бунат Евангелий рагондæр къохфинстити нæй.

«Исистæ, райсæ дæ хуссæн æма цæугæ кæнæ». [9] Еци фæдбæл сæй-
гæ исдзæбæх æй, райста æ хуссæн æма райдæдта цæун.

Е адтæй сабати, [10] æма ка исдзæбæх æй, уомæн иудейтæ дзурд-
тонцæ: «Абони сабат æй, дæ хуссæн хæссун дин нæ фæткуй»[a]. [11] Е
дзуапп равардта: «Ка мæ исдзæбæх кодта, Е мин загъта: „Райсæ дæ
хуссæн æма цæугæ кæнæ“». [12] Иудейтæ бафарстонцæ уой: «Ка ’й
Еци Адæймаг, дæуæн уотæ Ка загъта: „Райсæ дæ хуссæн æма цæу-
гæ кæнæ“?» [13] Ка исдзæбæх æй, е Æй нæ зудта – Йесо уоми берæ
адæми æхсæн фæййауон æй.

[14] Уой фæсте æй Йесо иссирдта Ковæндони æма ин загъта:
«Мæнæ нур ду исдзæбæх дæ; тæрегъæд мабал ракæнæ, е ба дæбæл
фуддæр маци æрцæуа». [15] Еци адæймаг рандæ ’й æма иудейтæн
фегъосун кодта, е ’сдзæбæхгæнæг Йесо ке æй, уой.

[16] Уæд иудейтæ зелун райдæдтонцæ Йесой фæдбæл, уæхæн гъуд-
дæгтæ сабати ке кодта, уой туххæй. [17] Йесо ба син загъта: «Мæ Фи-
дæ нур дæр гъуддæгтæ аразуй, æма Æз дæр аразун». [18] Æма ’Й
иудейтæ нигги æхсицгондæрæй агурдтонцæ рамарунмæ – сабати
æгъдау ихалгæй ма Хуцауи Æ Фидæ дæр ке худта æма уотемæй
Æхе Хуцауи æмбарæ ке кодта, уой туххæй.

### *Фурти бартæ*

[19] Уой фæдбæл син Йесо загъта: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн:
Фурт Æхуæдæг неци кæнун фæразуй – Фиди ци кæнгæ уинуй,
æрмæстдæр уой кæнуй. Æма Фидæ ци кæнуй, Фурт дæр уой кæ-
нуй. [20] Уомæн æма Фидæ уарзуй Фурти æма Æхуæдæг цидæриддæр
кæнуй, уони Ин æвдесуй; уæдта ма Ин уонæй нигги дæр устурдæр
гъуддæгтæ равдесдзæнæй, æма сумах деси бафтуйдзинайтæ.
[21] Фидæ мæрдти куд райгас кæнуй æма син цард куд дæттуй, уотæ
Фурт дæр цард дæттуй, кæмæн Æй фæндуй, уонæн. [22] Æма Фидæ
тæрхон некæмæн кæнуй, фал æгас тæрхони барæ дæр равардта
Фуртæн, [23] цæмæй æгасæй дæр кадæ кæнонцæ Фуртæн, Фидæн
куд кадæ кæнунцæ, уотæ. Фуртæн ка нæ кадæ кæнуй, е Ин Æ рар-
ветæг Фидæн дæр нæ кадæ кæнуй.

[24] Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: Мæ дзурд ка игъосуй æма Мæ
Рарветæгбæл ка æууæндуй, уомæн ес æносон цард æма тæрхон-
гонд нæ уодзæнæй, фал рацудæй мæлæтæй цардмæ. [25] Æцæг, æцæг
зæгъун сумахæн: æрцæуудзæнæй уæхæн рæстæг, уæдта цæугæ дæр

---

[a] **5:10** *Сабат* – дзиуиттæгтæн сæ сæйраг бæрæгбон. Еци бон син не-
ци косун æнгъезуй.

ærкодта, æма мæрдтæ фегъосдзæнæнцæ Хуцауи Фурти дзурд, æма
'й ку фегъосонцæ, уæд райгас уодзæнæнцæ. [26] Уомæн æма Фидæ
Æхуæдæг царддæттæг куд æй, уотæ Фурти дæр искодта царддæт-
тæг. [27] Æма Ин равардта тæрхон кæнуни барæ дæр, уомæн æма Е
æй Адæймаги Фурт.

[28] Ма дес кæнетæ уобæл – ærцæуй уæхæн рæстæг, æма ингæнти
кадæр ес, етæ Ин фегъосдзæнæнцæ Æ дзурд, [29] æма хуарз гъуддæг-
тæ ка кодта, етæ райгас уодзæнæнцæ цæрунмæ, фудмиутæ ка араз-
та, етæ ба – фудтæрхон райсунмæ.

[30] Æз Мæхуæдæг неци кæнун фæразун. Куд фæдзæхст Мин æй,
уотæ тæрхон кæнун, æма Мæ тæрхон раст æй, уомæн æма Мæхе
фæндон кæнунмæ нæ тундзун, фал Мæ Рарветæги фæндон кæ-
нунмæ.

***Йесойæн ка лæуууй æвдесæн***

[31] Мæхе туххæй ærмæст Мæхуæдæг ку дзоринæ, уæд Мæ дзурд
æцæг нæ уайдæ. [32] Ес Мин æндæр æвдесæн, æма Æз зонун: е Мæн
тухxæй ци зæгъуй, етæ æцæг æнцæ. [33] Сумах рарвистайтæ Иоанн-
мæ, æма е æвдесæн лæудтæй æцæгдзийнади тухxæй. [34] Æнæуой
дæр, Мæн адæймаги æвдесæн нæ гъæуй, фал æй уой тухxæй зæ-
гъун, цæмæй сумах фæййервæзайтæ. [35] Иоанн цирагъау сугъдæй
æма рохс кодта, сумах ба минкъий рæстæг фæндадтæй уой рохсмæ
исцийнæ кæнун.

[36] Мæнæн ес æвдесæн, Иоанн ци загъта, уомæй тухгиндæр. Мæ
Фидæ Мин ци гъуддæгтæ бафæдзахста, уони æнхæст кæнун, æма
етæ æвдесæн æнцæ, Мæн Фидæ ке рарвиста, уой тухxæй. [37] Æма
Мæ рарветæг Фидæ Æхуæдæг æвдесæн лæууй Мæн тухxæй. Сумах
ба Ин нæдæр Æ дзурд фегъустайтæ, нæдæр Æй уингæ фæккодтай-
тæ, [38] æма уæ зæрдæбæл Æ дзурд нæ даретæ, уомæн æма Ке рар-
виста, Уобæл не 'ууæндетæ. [39] Сумах лæмбунæг æвзаретæ Сугъдæг
Финст, уомæн æма æууæндетæ, Финсти фæрци æносон цард ке
райсдзинайтæ, уобæл; Финст ба æвдесæн æй Мæн тухxæй. [40] Уæд-
дæр уæ нæ фæндуй Мæнмæ ærцæун, цæмæй уин уа æносон цард.

[41] Нæ есун адæмæй кадæ, [42] зонун уæ: Хуцауи уарзун уæ зæрди
нæййес. [43] Æз Мæ Фиди номæй ærцудтæн æма Мæбæл не
'ууæндетæ, æндæр æхе номæй ку ærцæуа, уæд уобæл ба бауæнд-
дзинайтæ. [44] Куд бауæндайтæ, кæд æма кæрæдземæй есетæ кадæ,
еунæг Хуцауæй ци кадæ цæуй, уомæ ба нæ тундзетæ?

[45] Уотæ ма 'нгъæлетæ, æма Æз сумах бафудгин кæндзæнæн
Мæ Фиди рази: уæ фудгингæнæг – Моисей, уæ зæрдæ кæбæл

даретæ, е. 46 Сумах Моисейбæл ку æууæндиайтæ, уæд Мæнбæл
дæр бауæндиайтæ – е финста Мæн туххæй. 47 Кæд æма уой
финстбæл не ’уæндетæ, уæд куд бауæндздзинайтæ Мæн дзурд-
тæбæл?»

### *Йесо бафсаста фондз миней*

6 1 Уой фæсте Йесо рандæ ’й Галилейи (гъома, Тивериади) ден-
гизæн æ иннæ фарсмæ. 2 Æ фæдбæл рараст æй берæ адæм,
уомæн æма фæууидтонцæ, сæйгитæ дзæбæх кæнгæй Йесо ци дес-
сæгтæ аразта, уони. 3 Йесо исцудæй хонхмæ æма уоми бадтæй Æ
ахургæнуйнæгти хæццæ. 4 Æрхæстæг æй Коууадзæн, иудейаг бæ-
рæгбон.

5 Йесо ракастæй æма Имæ бе-
рæ адæм ке цæуй, уой ку фæу-
уидта, уæд зæгъуй Филиппæн:
«Кæми балхæнæн кæрдзин,
цæмæй адæмæн бахуæрун кæ-
нæн?» 6 Уотæ дзурдта Филиппи
бавзаруни туххæй; Æхуæдæг
ба зудта, ци кæнунмæ гъавта,
уой. 7 Филипп Ин дзуапп ра-
вардта: «Аци адæмæн дууæ
сæдæ динарей аргъ кæрдзин



*Динар – ромаг æвзестæ æхца,*
*пайда си кодтонцæ Израили дæр.*
*Еу динари бæрцæ фистонцæ*
*косæгæн еу бонмæ.*

дæр не сфагæ уодзæнæй, цæмæй си алкæбæлдæр еу къæбæр
уæддæр æруайæ». 8 Йесой ахургæнуйнæгтæй еу, Андрей, Симон
Петри æнсувæр, Уомæн зæгъуй: 9 «Ами еу биццеумæ ес фондз
хъæбæрхуари кæрдзини æма дууæ кæсалги, фал е ци æй ай-
бæрцæ адæмæн?»

10 Йесо загъта: «Æрбадун сæ кæнетæ». Еци рауæн адтæй берæ
кæрдæг. Æрбадтæнцæ адæм; айдагъ нæлгоймæгтæ нимæдзæй ад-
тæнцæ фондз миней бæрцæ. 11 Йесо райста кæрдзинтæ, арфæ
ракодта Хуцауæн æма сæ райурста æрбадæг адæмæн. Уотæ – кæ-
сæлгитæ дæр, ке цæй бæрцæ гъудæй, уой бæрцæ. 12 Адæм ку баф-
састæнцæ, уæд Йесо загъта Æ ахургæнуйнæгтæн: «Ци къæбæртæ
ма байзадæй, уони æрæмбурд кæнетæ, цæмæй си маци фесæфа».
13 Æма етæ æрæмбурд кодтонцæ, хуæрди фæсте ма фондз хъæбæр-
хуари кæрдзинæй ци къæбæртæ байзадæй, уони, æма си байдзаг
кодтонцæ дууадæс бæтмани.

14 Йесо ци дессаг исаразта, уой адæм ку фæууидтонцæ, уæд
загътонцæ: «А, æцæгæйдæр, дуйнемæ æрцæуйнаг Ка адтæй, Еци

Пахампар æй». 15 Йесо ку базудта, адæм æрбацæунмæ æма 'Й ту-
хæй паддзах искæнунмæ ке гъавунцæ, уой, уæд бабæй еунæгæй
рандæ 'й хонхмæ.

### *Йесо денгизбæл цæуй фестæгæй*

16 Ку баизæр æй, уæд Æ ахургæнуйнæгтæ ниццудæнцæ денгиз-
мæ. 17 Бахизтæнцæ бæлæгъмæ æма рараст æнцæ денгизи иннæ
фарсмæ, Капернауммæ. Æрталингæ 'й, Йесо ба сæ хæццæ нæ ад-
тæй. 18 Думдта тухгин думгæ, æма денгиз цæхъал кодта. 19 Фондз
æма инсæй – дæс æма инсæй стадий[a] бæрцæ ку банакæ кодтонцæ,
уæд Йесой фæууидтонцæ денгизбæл къахæй цæугæ æма бæлæгъ-
мæ хæстæгæй-хæстæгдæргæнгæ, æма фæттарстæнцæ. 20 Фалæ син
Йесо загъта: «Ма тæрсетæ, е Æз дæн». 21 Фæндæ сæ адтæй Уой бæ-
лæгъи исбадун кæнун, фалæ уайтæккæ дæр бахъæрттæнцæ, ци би-
лæмæ цудæнцæ, уордæмæ.

### *Уæларвæй æрцæугæ дзол*

22 Дуккаг бон денгизи иннæ билæбæл ци адæм байзадæй, етæ
æргъуди кодтонцæ: уоми адтæй æрмæстдæр еунæг бæлæгъ. Етæ
зудтонцæ, Йесой ахургæнуйнæгтæ еци бæлæгъи сæхуæдтæ, æнæ
Йесо, ке рандæ 'нцæ, уой. 23 Уалинмæ Тивериадæй æрбацудæй æн-
дæр бæлæгътæ. Етæ æрлæудтæнцæ, адæм Хецау Йесой раарфи
фæсте кæрдзин кæми хуардтонцæ, еци бунатмæ хæстæг. 24 Адæм ку
фæууидтонцæ, Йесо дæр æма Æ ахургæнуйнæгтæ дæр уоми ке нæ
адтæнцæ, уой, уæд исбадтæнцæ бæлæгъти æма æрбанакæ код-
тонцæ Капернауммæ Йесой агорæг.

25 Денгизи иннæ билæбæл Æй ку иссирдтонцæ, уæд Ин загъ-
тонцæ: «Равви, кæд æрбацудтæ ардæмæ?» 26 Йесо син дзуапп ра-
вардта: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: дессæгтæ ке фæууидтайтæ,
уой туххæй Мæ нæ агоретæ, фал кæрдзин ке бахуардтайтæ æма
ке бафсастайтæ, уой туххæй. 27 Æмбуйгæ хуæруйнаги туххæй ма
аразетæ уæ гъуддæгтæ, фал æносон цард ка дæттуй, уæхæн
æнæмбуйгæ хуæруйнаги туххæй. Еци хуæруйнаг сумахæн рат-
дзæнæй Адæймаги Фурт, уомæн æма Ин уæхæн барæ равардта
Фидæ Хуцау». 28 Уæд Йесойæн загътонцæ: «Ци бакæнæн, цæмæй
Хуцауи фæндон гъуддæгтæ аразæн?» 29 Е син дзуапп равардта:
«Мæнæ Хуцауи фæндон гъуддаг: æууæндетæ, Е Ке рарвиста,
Уобæл».

---

[a] **6:19** *25–30 стадий* æнцæ 5–6 километри бæрцæ.

[30] Уæд уотæ бакодтонцæ: «Циуавæр дессаг равдесдзæнæ, цæ-
мæй æй мах фæууинæн æма Дæбæл баууæндæн? Дæ бон ци бакæ-
нун æй? [31] Дзурдæн, нæ фиддæлтæ æдзæрæг бæсти хуардтонцæ
маннæ[a], финст куд æй, уотæ: „Равардта син хуæрунмæ дзол
уæларвæй“». [32] Йесо син зæгъуй: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн:
уæларвæй уин дзол Моисей нæ равардта, фалæ Мæ Фидæ дæттуй
сумахæн æцæг дзол уæларвæй, [33] уомæн æма уæларвæй ка æрцæуй
æма дуйнейæн цард ка дæттуй, е æй Хуцауи дзол».

[34] Йесойæн зæгъунцæ: «Хецау, алкæддæр нин дæттæ еци дзол».
[35] Йесо син дзоруй: «Æз царди дзол дæн. Мæнмæ æрцæуæг не-
кæдбал исæстонг уодзæнæй, æма Мæнбæл æууæндæг некæдбал
исæдонуг уодзæнæй. [36] Фалæ, раздæр уин куд загътон, уотæ Мæ
уингæ дæр фæккодтайтæ, æууæндгæ дæр нæ кæнетæ. [37] Мæ Фи-
дæ Мин ке дæттуй, етæ еугурæй дæр æрцæудзæнæнцæ Мæнмæ,
æма Мæнмæ æрцæуæги нæ ратæрдзæнæн æндæмæ. [38] Уомæн æма
Æз уæларвæй æрцудтæн, Мæхе ци фæндуй, уой нæ, фалæ Мæ
Рарветæги ци фæндуй, уой æнхæст кæнунмæ. [39] Мæнæ Мæ Рар-
ветæги фæндон: ке Мин равардта, уонæй Æз куд неке фесафон,
фал уони еугурей дæр куд райгас кæнон фæстаг бон. [40] Мæ Фиди
фæндон æй, цæмæй Фурти кадæр уинуй æма Ибæл кадæр æу-
уæндуй, уомæн уа æносон цард; æма ’й Æз фæстаг бон райгас
кæндзæнæн».

[41] Уæд Ибæл иудейтæ бахъур-хъур кодтонцæ, «Æз уæларвæй
æрцæуæг дзол дæн» ке загъта, уой туххæй; [42] æма дзурдтонцæ:
«Айæ Йесо нæй, Иосифи фурт? Æ Мадæ æма Ин Æ фиди дæр
ку зонæн, уæд куд зæгъуй: „Æз уæларвæй æрцудтæн“?» [43] Йесо
син загъта: «Ма хъур-хъур кæнтæ. [44] Мæнмæ æрцæун неке бон
æй, Мæ рарветæг Фидæ ’й ку не ’рбакæна, уæд; æма ’й Æз фæс-
таг бон райгас кæндзæнæн. [45] Пахампартæмæ финст æй: „Хуцау
æгасей дæр исахур кæндзæнæй“. Фидæй кадæр фегъосуй æма
Фидæ ке исахур кæнуй, е æрцæуй Мæнмæ. [46] Уотæ нæ зæгъун,
æма Фиди еске фæууидта. Хуцауæй Ка æй, æрмæстдæр Е фæу-
уидта Фиди. [47] Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: æууæндæгæн ес
æносон цард. [48] Æз дæн царди дзол. [49] Уæ фиддæлтæ æдзæрæг
бæсти маннæ хуардтонцæ, æма уæддæр рамардæнцæ. [50] Уæл-
арвæй æрцæуæг дзол ба уæхæн æй, æма уой ка хуæра, е нæ ра-
мæлдзæнæй. [51] Æз дæн уæларвæй æрцæуæг цардæттæг дзол. Еци

[a] **6:31** *Маннæ* – Моисейи дзамани дзиуиттæгтæ æдзæрæг бæсти ку цардæнцæ, уæд син Хуцау арвæй ци хуæруйнаг æрвиста, е.

дзол ка хуæра, е цæрдзæнæй æносмæ. Æз ци дзол ратдзæнæн, е æй Мæ Бауæр, дуйней царди туххæй нивондæн ке æрхæсдзæнæн, е».

52 Уæд иудейти медастæу рауадæй буцæу, А нин Æ Бауæр хуæрунмæ куд ратдзæнæй, зæгъгæ. 53 Йесо ба син зæгъуй: «Æцæг,
æцæг зæгъун сумахæн: кæд Адæймаги Фурти Бауæр нæ хуæретæ
æма Ин Æ Тог нæ ниуазетæ, уæд уæмæ цард нæййес. 54 Мæ Бауæр
ка хуæруй æма Мæ Тог ка ниуазуй, уомæн ес æносон цард, æма ’й
Æз райгас кæндзæнæн фæстаг бон, 55 уомæн æма Мæ Бауæр æцæг
хуæруйнаг æй, Мæ Тог ба – æцæг ниуазуйнаг. 56 Мæ Бауæр ка
хуæруй æма Мæ Тог ка ниуазуй, е еу æй Мæн хæццæ æма Æз еу
дæн уой хæццæ. 57 Царддæттæг Фидæ Мæн куд рарвиста æма Æз
Фиди фæрци куд цæрун, уотæ Мæн ка хуæруй, е дæр цæрдзæнæй
Мæн фæрци. 58 Уæхæн æй уæларвæй æрцæуæг дзол. Уæ фиддæлтæ
хуардтонцæ маннæ æма рамардæнцæ; аци дзол ба уæхæн нæй – ка
’й хуæра, е цæрдзæнæй æносмæ».

59 Йесо уотæ загъта, Капернауми синагоги ку амудта, уæд.



*Синагогæ – дзиуиттæгтæ ковгæ кæми кодтонцæ æма Сугъдæг Финст кæми аргъудтонцæ, еци æмбурд*

### *Ахургæнуйнæгтæй беретæ ниууагътонцæ Йесой*

60 Æ ахургæнуйнæгтæй беретæ, еци загъд фегъосгæй, загътонцæ:
«Ци æверхъау дзурдтæ! Ке бон æй уони игъосун?» 61 Ахургæнуй-
нæгтæ хъур-хъур ке кодтонцæ, уой Йесо уотемæй дæр зудта, æма
син загъта: «Мæ загъд уæ къулумпи кæнуй? 62 Мадта Адæймаги
Фурти, раздæр кæми адтæй, уордæмæ исцæугæ ку фæууинайтæ,
уæдта? 63 Хуцауи Уод цардгæттæг æй, адæймаг ба æнæхъаурæ 'й.
Æз сумахæн ци дзурдтæ зæгъун, уонæми ес цардгæттæг Уоди
хъаурæ. 64 Фалæ сумахæй еуæй-еуетæ не 'ууæндунцæ». Йесо райда-
йæнæй зудта, ка нæ бауæнддзæнæй, уони, уæдта 'Й ка раузйæ
кæндзæнæй, уой дæр. 65 Йесо загъта: «Гъе уой туххæй уин дзурд-
тон, Мæнмæ æрцæун неке бафæраздзæнæй, Мæ Фидæй лæвæрд
ин ку нæ уа, уæд».

66 Еци дзурди фæсте Æй Æ ахургæнуйнæгтæй беретæ ниууагъ-
тонцæ æма нæбал цудæнцæ Æ хæццæ. 67 Уæд Йесо загъта дууадæс
ахургæнуйнагемæн: «Сумах ба нæ фæндуй Мæн ниуудзун?» 68 Си-
мон Петр Ин дзуапп равардта: «Хецау, кæмæ фæццæуæн? Дæ
дзурдтæ дæттунцæ æносон цард, 69 æма мах бауæндтан æма базуд-
тан: Ду дæ Хуцауи Сугъдæг Æрвист». 70 Йесо син зæгъуй: «Уæ ду-
уадæсей дæр Æз равзурстон, фал сумахæй еу æй сайтан». 71 Йесо
уотæ загъта Иуди, Симон Искариоти фурти туххæй, уомæн æма
Иудæ, дууадæсемæй еу, раузйæ кæндзæнæй Йесой.

### *Йесо æма Е 'нсувæртæ*

**7** 1 Уой фæсте Йесо цудæй Галилейи бæстæбæл. Иудейæмæ цæ-
ун Æй нæ фæндадтæй, уомæн æма 'Й иудейтæ марунмæ
агурдтонцæ. 2 Æрхæстæг æй иудейаг Уосонгити бæрæгбон[a].
3 Йесойæн Е 'нсувæртæ загътонцæ: «Рацо ардигæй æма фæццо
Иудейæмæ, уадзæ æма Дæ ахургæнуйнæгтæ дæр фæууинонцæ,
Ду ци гъуддæгтæ кæнис, уони. 4 Игъустгонд ун ке фæндуй, е сосæг-
гæй неци кæнуй. Кæд Ду уæхæн гъуддæгтæ кæнис, уæд Дæ уадзæ
æма æгас дуйне дæр базонæд». 5 (Йесобæл Е 'нсувæртæ дæр не
'ууæндтæнцæ.)

---

[a] **7:2** *Уосонгити бæрæгбон* – дзиуиттаг фæззигон бæрæгбон; бæрæг-
гонд цудæй, тиллæг ку бафснаионцæ, уæд. Еци бæрæгбони бæнтти
дзиуиттæгтæ цæрионцæ къадотæй конд уосонгити, сæ фиддæлтæ
Моисейи дзамани æдзæрæг бæсти уосонгити ке цардæнцæ, уой
имисунæн.

6 Йесо син загъта: «Мæ рæстæг нæма æрхъæрттæй, сумахæн ба
алли афонæ дæр бæззуй. 7 Дуйней бон нæй сумахæй е 'сæфт уи-
нун. Мæнæй ба е 'сæфт уинуй, уомæн æма Æз æвдесæн дæн, æ
гъуддæгтæ хæран ке 'нцæ, уой туххæй. 8 Сумах цотæ аци бæрæг-
бонмæ, Æз ба нæ цæун – Мæ рæстæг нæма æрцудæй». 9 Уотæ
загъта æма байзадæй Галилейи.

### *Йесо æрбацудæй Уосонгити бæрæгбонмæ*

10 Фалæ Е 'нсувæртæ бæрæгбонмæ ку исцудæнцæ, уæд Йесо дæр
исцудæй, æрмæст æргомæй нæ, фалæ сосæггæй. 11 Иудейтæ 'Й
бæрæгбони агурдтонцæ æма дзурдтонцæ: «Кæми æй Е?» 12 Адæ-
ми æхсæн берæ сосæг дзубандитæ цудæй Уой туххæй. Еуетæ
дзурдтонцæ: «Е хуарз æй». Иннетæ ба дзурдтонцæ: «Нæ, Е адæми
сайуй». 13 Æной ба Йесой туххæй æргомæй неке неци дзурдта:
иудейтæй тарстæнцæ.

14 Бæрæгбон е 'мбесбæл ку адтæй, уæд Йесо исцудæй Ковæн-
донæмæ æма райдæдта адæми ахур кæнун. 15 Æма иудейтæ дес
кодтонцæ: «Ахур ку некæми скодта, уæд Сугъдæг Финст куд зо-
нуй?» 16 Йесо син дзуапп равардта: «Æз адæми цæбæл ахур кæнун,
е Мæнæй нæй, фал Мæ Рарветæгæй. 17 Хуцауи фæндон æнхæст
кæнун ке фæндуй, е базондзæнæй, аци ахурадæ Хуцауæй æй, æви
Æз Мæхе номæй дзорун. 18 Æхе номæй дзорæг æхецæн кадæ аго-
руй. Рарветæги искадгин кæнун Ке фæндуй, Е ба æууæнки аккаг
æй – мæнгæттæ Имæ нæййес. 19 Моисей уин Закъон нæ равардта?
Æма еци Закъонмæ гæсгæ сумахæй неке цæруй. Цæй туххæй мæ
гъаветæ рамарунмæ?»

20 Адæм дзуаппæн загътонцæ: «Сайтангун дæ? Ка дæ гъавуй ма-
рунмæ?» 21 Йесо син загъта: «Æз еу дессаг исаразтон æма сумах уæ
еугур дæр дес кæнетæ. 22 Моисей уин фæдзахста сонæт кæнун
(уогæ е Моисеййæй нæй, уæ фиддæлтæй байзадæй), æма сабати
сонæт кæнетæ. 23 Кæд адæймагæн сабати кæнунцæ сонæт, цæмæй
Моисейи Закъон ихæлд ма 'рцæуа, уæд Æз ба сабати адæймаги
къахæй-сæрмæ ке исдзæбæх кодтон, уой туххæй Мæмæ ци мæст-
гун кæнетæ? 24 Бакастмæ гæсгæ ма тæрхон кæнетæ, фалæ раст
тæрхон хæссетæ».

### *Ка æй Йесо?*

25 Иерусалимæгтæй еуæй-еуетæ дзурдтонцæ: «Марунмæ Ке аго-
рунцæ, А Е нæй, æви? 26 Мæнæ Е дзоруй æргомæй, æма Ин неке
неци зæгъуй. Кæд хецæуттæ æцæгæйдæр базудтонцæ, Киристе ке

æй, уой? 27 Мах зонæн, Е кæцæй æрцæуæг æй, уой. Киристе ба ку
æрцæуа, уæд кæцæй æй, уой неке зондзæнæй». 28 Уæд Йесо,
Ковæндони амонгæй, гъæрæй загъта: «Зонетæ Мæн дæр, зонетæ
кæцæй дæн, уой дæр. Æз Мæхе номæй не 'рцудтæн. Мæ Рарветæг
ба æуæнки аккаг æй, фал Æй сумах нæ зонетæ. 29 Æз ба 'Й зонун –
Е Мæ рарвиста, Æз Уомæй æрцудтæн».

30 Уæд архайдтонцæ Æ ниййахæссунбæл, фал Имæ æ къохæй
дæр неке бавналдта, уомæн æма Æ рæстæг нæма æрцудæй. 31 Адæ-
мæй ба беретæ баууæндтæнцæ Уобæл æма дзурдтонцæ: «Гæр,
Киристе ку æрцæуа, уæд Аци Адæймаг ци дессæгтæ исаразта,
уомæй ма фулдæр исараздзæнæй?»

### *Йесо зæгъуй Æ цæуни туххæй*

32 Аци сосæг дзубанди Йесой туххæй фегъустонцæ фарисейтæ.
Уæд хестæр саугинтæ æма фарисейтæ Ковæндони гъæуайгæнгути
рарвистонцæ Уой ниййахæссунмæ.

33 Йесо загъта: «Цубур рæстæг ма уодзæнæн сумах хæццæ, уæдта
Мæ Рарветæгмæ цæун. 34 Агордзинайтæ Мæн æма Мæ не
'ссердзинайтæ, æма Æз кæми уон, уордæмæ æрцæун уæ бон нæ
бауодзæнæй». 35 Иудейтæ сæ кæрæдзей хæццæ дзурдтонцæ: «Мах
Æй кæми не 'ссерæн, уæхæн рауæнмæ, уанæбæрæг, кумæ цæунмæ
гъавуй? Грекъæгти æхсæн дзиуиттæгтæ кæми цæрунцæ, уордæмæ
цæуни æма грекъæгти ахур кæнуни фæндæ Имæ ес, ести? 36 Ци
амонунцæ, Е ке загъта, еци дзурдтæ: „Агордзинайтæ Мæн æма
Мæ не 'ссердзинайтæ, æма Æз кæми уон, уордæмæ æрцæун уæ
бон нæ бауодзæнæй“?»

### *Царддæттæг дон*

37 Бæрæгбонæн æ фæстаг æма кадгиндæр бон Йесо исистадæй
æма гъæрæй загъта: «Æдонуг ка æй, е Мæнмæ æрцæуæд æма ба-
ниуазæд. 38 Сугъдæг Финст куд зæгъуй, уомæ гæсгæ Мæнбæл æу-
уæндæгæн æ зæрдæй райвулдзæнæй царддæттæг дон». 39 Уотæ
Йесо загъта Сугъдæг Уоди туххæй – Уой гъæуама райстайонцæ
Йесобæл æуæндгутæ. Еци рæстæг ба Сугъдæг Уод лæвæрд нæма
æрцудæй, уомæн æма Йесой кадæ нæма раргом æй.

### *Адæм фæкъкъуæрдтæ 'нцæ*

40 Адæмæй еуæй-еуетæ, Йесо ци загъта, уой фегъосгæй дзурд-
тонцæ: «А, æцæгæйдæр, æрцæуйнаг ка адтæй, еци Пахампар æй».
41 Иннетæ дзурдтонцæ: «А Киристе æй», æндæртæ ба дзурдтонцæ:

«Галилеййæй ку не ’рцæудзæнæй Кiристе. 42 Финст куд зæгъуй,
уомæ гæсгæ Кiристе паддзах Давиди фуртти фурттæй уодзæнæй,
Давид кæцæй адтæй, еци гъæу Вифлеемæй». 43 Уотемæйти Йесой
туххæй адæм фæкъкъуæрдтæ ’нцæ. 44 Уонæй кадæртæ гъавтонцæ Æ
нииййахæссунмæ, фал Имæ æ къохæй дæр неке бавналдта.

### *Æнæуунæндæг иудейаг хецæуттæ*

45 Гъæуайгæнгутæ хестæр саугинтæмæ æма фарисейтæмæ ку æр-
баздахтæнцæ, уæд етæ гъæуайгæнгути бафарстонцæ: «Цæмæннæ
’Й æрбакодтайтæ?» 46 Етæ дзуапп равардтонцæ: «Уотæ некæдма
некæци адæймаг дзурдта». 47 Фарисейтæ син загътонцæ: «Гæр,
сумах дæр рафæливта? 48 Хецæуттæй кенæ ба фарисейтæй еске
бауæндтæй Уобæл? 49 Фал аци адæм Закъонæн неци зонунцæ, æл-
гъист æнцæ».

50 Фарисейтæй еу, Никодим, Йесомæ раздæр ка æрбацудæй, е,
загъта уонæн: 51 «Нæ Закъон ескæд тæрхон кæнуй, цалинмæ адæй-
магмæ байгъоса æма, ци гæнæг æй, уой базона, уæдмæ?» 52 Уой
туххæй ин загътонцæ: «Ду дæр галилейаг дæ? Æркæсæ Финстмæ
æма фæууиндзæнæ, Галилеййæй пахампар ке нæ фæууй, уой».

### *Хатир тæрегъæдгун силгоймагæн*[a]

[53 Æма се ’гас дæр фæппурх æнцæ сæ хæдзæрттæбæл.
8 1 Йесо ба рандæ ’й Елеони хонхмæ. 2 Сæумæраги бабæй нæуæ-
гæй æрцудæй Ковæндонæмæ, æма Имæ адæм еугурæй дæр
æрбацудæнцæ. Е æрбадтæй æма сæ райдæдта ахур кæнун. 3 Уæд
динамонгутæ æма фарисейтæ æрбакодтонцæ, хæзголи хæццæ ке
фейиафтонцæ, уæхæн силгоймаги, æрлæуун æй кодтонцæ адæми
рази, 4 æма загътонцæ Йесойæн: «Ахургæнæг, аци силгоймаги хæз-
голи хæццæ фейиафтонцæ, 5 Моисей ба нин Закъони бафæдзахста
уæхæн силгоймæгти дортæй марун. Ду ба ци зæгъдзæнæ?» 6 Уой
ракъахуни туххæй фарстонцæ, цæмæй Имæ ести иссеронцæ ба-
фудгин кæнунмæ. Фалæ Йесо, ниллæг æргубургæнгæй, æнгулдзæй
финста зæнхæбæл. 7 Æма ’Й ку нæбал æма нæбал уагътонцæ, уæд
сæмæ искастæй æма син загъта: «Сумахæй æнæтæрегъæдгун ка
æй, фиццаг ибæл е ниццæвæд дор». 8 Æма бабæй, ниллæг
æргубургæнгæй, финста зæнхæбæл.

9 Еци загъд фегъосгæй, етæ хестæргай, еу инней фæдбæл, сæхе
уордигæй райстонцæ. Байзадæй ма Йесо, Æ рази ба – силгоймаг.

---

[a] Стихтæ **7:53 – 8:11** Евангелий рагондæр къохфинстити нæ ’нцæ.

[10] Йесо искастæй æма силгоймагæн загъта: «Хуарз уосæ, ци фæ-
цæнцæ еци адæм? Неке дин истæрхон кодта?» [11] Е дзуапп равардта:
«Неке, ме ’лдар». Йесо ин загъта: «Æз дæр дин нæ тæрхон кæнун;
цо æма нурæй фæстæмæ тæрегъæд мабал ракæнæ».]

### *Йесо – дуйнейæн Рохс*

[12] Йесо идарддæр дзурдта адæмæн: «Æз дуйнейæн Рохс дæн.
Мæн фæдбæл ка рацæуа, е талинги некæд цæудзæнæй, фалæ имæ
уодзæнæй царди рохс». [13] Уæд Ин фарисейтæ загътонцæ: «Ду Дæ-
хуæдæг дзорис Дæхе туххæй, æма Дæ дзурд æцæг нæй». [14] Йесо син
дзуаппæн загъта: «Кæд Æз Мæхуæдæг Мæхе туххæй дзорун, уæд-
дæр Мæ дзурд æцæг æй, уомæн æма Æз зонун, кæцæй æрцудтæн
æма кумæ цæун; сумах ба нæ зонетæ, кæцæй æрцудтæн æма кумæ
цæун, уой. [15] Сумах куд адæймаг тæрхон кæнетæ, Æз-а некæмæн
тæрхон кæнун. [16] Фал кæд тæрхон кæнун, уæддæр Мæ тæрхон раст
æй, уомæн æма Æз еунæг нæ дæн – Мæ рарветæг Фидæ Мæ
хæццæ æй. [17] Æма уæ Закъони дæр финст æй, дууæ адæймагей æв-
десæн раст æй, зæгъгæ. [18] Æз æвдесæн дæн Мæхе туххæй, Мæн
туххæй æвдесæн æй Мæ рарветæг Фидæ дæр». [19] Уæд Уой бафарс-
тонцæ: «Кæми æй Дæ Фидæ?» Йесо дзуапп равардта: «Сумах нæ
зонетæ нæдæр Мæн, нæдæр Мæ Фиди; Мæн ку зониайтæ, уæд
зониайтæ Мæ Фиди дæр».

[20] Уотæ Йесо дзурдта, Ковæндони хæзнаивæрæни рази ку амуд-
та, уæд. Фалæ ’Й неке ниййахæста, уомæн æма Æ рæстæг нæма
æрцудæй.

### *Кумæ цæуй Йесо*

[21] Йесо бабæй син загъта: «Æз цæун. Агордзинайтæ Мæ, фалæ
рамæлдзинайтæ уæ тæрегъæдти. Æз кумæ цæун, уордæмæ æрцæ-
ун уæ бон нæй». [22] Уæд иудейтæ дзурдтонцæ: «Гæр, Æхе рамар-
дзæнæй? Уотæ ку дзоруй, Æз кумæ цæун, уордæмæ æрцæун уæ
бон нæй, зæгъгæ». [23] Йесо син загъта: «Сумах ниллæг дуйнейæй
айтæ, Æз-а – бæрзæндтæй; сумах аци дуйнейæй айтæ, Æз-а аци
дуйнейæй нæ дæн. [24] Уой туххæй уин загътон, уæ тæрегъæдти ра-
мæлдзинайтæ, зæгъгæ. Уомæн æма Æз Дæн[a], æма уобæл ку нæ

[a] **8:24** *Æз Дæн* (нигги дæр ма стихти 8:28, 58; 13:19), дзиуиттагау «Эхйе» – Хуцауи ном, æргомгонд æрцудæй Моисеййæн. Е амонуй, Хуцау еунæг æцæг Хуцау ке æй, уой, æрмæстдæр Е æй æносон æма æнæраййевгæ, æма алли-алцæмæн дæр æрмæст Уомæй æй æ райдайæн.

бауyæндайтæ, уæд рамæлдзинайтæ уæ тæрегъæдти». [25] Уæд Æй ба-
фарстонцæ: «Ду ка дæ?» Йесо син загъта: «Æз Ка дæн, уой туххæй
уин тæккæ райдайæнæй дзорун. [26] Берæ Мæмæ ес сумах туххæй
дзоруйнаг æма тæрхон кæнуйнаг, фалæ Мæ Рарветæги дзурд æцæг
æй, æма Уомæй ци фегъустон, æрмæст уой дзорун дуйнейæн».

[27] Æ Фиди туххæй син ке дзурдта, уой нæ балæдæрдтæнцæ.
[28] Уæд син Йесо загъта: «Адæймаги Фурти уæлæмæ ку исесайтæ,
уæд базондзинайтæ: Æз Дæн æма Мæхе номæй неци кæнун, фалæ
Мин Мæ Фидæ куд байамудта, уотæ дзорун. [29] Мæ Рарветæг æй
Мæ хæццæ, еунæгæй Мæ нæ ниуyагъта, уомæн æма Æз алкæддæр
кæнун, Уой куд фæндуй, уотæ». [30] Аци дзурдтæ син ку загъта, уæд
Ибæл беретæ бауyæндтæнцæ.

### *Авраами цæуæт æви сайтани цæуæт?*

[31] Ка Ибæл бауyæндтæй, еци иудейтæн Йесо загъта: «Мæ дзурд-
мæ ку игъосайтæ, уæд æцæгæйдæр Мæ ахургæнуйнæгтæ айтæ,
[32] æма базондзинайтæ æцæгдзийнадæ, æма уæ æцæгдзийнадæ ис-
сæребарæ кæндзæнæй». [33] Загътонцæ Ин: «Мах Авраами[a] цæуæт ан
æма цагъар некæд некæмæн адтан. Уæд Ду куд зæгъис: „Иссæре-
барæ уодзинайтæ“?» [34] Йесо син дзуапп равардта: «Æцæг, æцæг
зæгъун сумахæн: тæрегъæд гъуддæгтæ кадæр кæнуй, е тæрегъæди
цагъар æй. [35] Цагъар æ хецауи хæдзари æносмæ нæ фæyyуй, фурт си
фæyyуй æносмæ. [36] Мадта уæ кæд Фурт исуæгъдæ кæна, уæд æцæг
сæребарæ уодзинайтæ. [37] Æз зонун, Авраами цæуæт ке айтæ, уой.
Уæддæр Мæ марунмæ агоретæ, уомæн æма Мæ дзурд сумахмæ нæ
гъаруй. [38] Æз Мæ Фидæмæ ци фæyyидтон, уой дзорун; сумах ба уæ
фидæй ци фегъустайтæ, уой кæнетæ».

[39] Загътонцæ Ин: «Махæн нæ фидæ Авраам æй». Йесо сæмæ
дзоруй: «Сумах Авраами цæуæт ку уиайтæ, уæд Авраами гъуд-
дæгтæ кæниайтæ. [40] Сумах ба Мæн – Хуцауæй æцæгдзийнадæ
Ка фегъуста æма уин уой Ка загъта, Еци Адæймаги – марунмæ
агоретæ. Авраам уотæ нæ кодта. [41] Сумах уæ фиди гъуддæгтæ
кæнетæ».

Уæд Ин загътонцæ: «Мах дзæгъæлзад нæ ан. Еунæг Фидæ нин
ес – Хуцау». [42] Йесо син загъта: «Хуцау уæ Фидæ ку уайдæ, уæд
Мæ уарзиайтæ, уомæн æма Æз Хуцауæй рацудтæн æма æрцудтæн
ардæмæ. Æз Мæхе номæй не ’рцудтæн, фалæ Мæ Хуцау рарвиста.

---

[a] **8:33** *Авраам* – дзиуиттæгти рагфиддæл; цардæй Йесо Киристейæй дууæ мин анзи раздæр.

43 Æз уин ци зæгъун, уой цæмæннæ лæдæретæ? Уой туххæй, æма
Мæ дзурдтæмæ игъосун нæ фæразетæ. 44 Сумах уæ фиди, сайтани,
цæуæт айтæ. Æма уæ фиди зæрдæ ци зæгъуй, уой кæнун уæ фæн-
дуй. Е райдайæнæй дæр лæгмарæг æй, æцæгдзийнадæбæл хуæст
некæд адтæй, уомæн æма имæ æцæгдзийнадæ нæййес. Мæнгæттæ
ку фæдздзоруй, уæд æхе кæнон фæккæнуй – е æй мæнгард æма
мæнгарддзийнади фидæ. 45 Фал Æз ба æцæг ке дзорун, уой туххæй
Мæбæл не 'ууæндетæ. 46 Сумахæй кæци бадардзæнæй Мæнæн Мæ
цæстæмæ ести æнæраст гъуддаг? Кæд æма Æз æцæг дзорун, уæдта
Мæбæл цæмæннæ æууæндетæ? 47 Хуцауæй ка æй, е Хуцауи
дзурдмæ игъосуй. Сумах ба имæ уомæн нæ игъосетæ, æма Хуцауæй
нæ айтæ».

### *Йесо æма Авраам*

48 Иудейтæ Йесойæн загътонцæ: «Ду самариаг ке дæ æма сайтан-
гун ке дæ, уомæй раст нæ зæгъæн?» 49 Йесо син дзуапп равардта:
«Æз сайтангун нæ дæн, фал Мæ Фидæн кадæ кæнун, сумах ба Мæ
æгадæ кæнетæ. 50 Æз Мæхецæн кадæ нæ агорун. Ес, Мæнæн кадæ
Ка агоруй, Е – тæрхонгæнæг Е æй. 51 Æцæг, æцæг зæгъун сума-
хæн: Мæ дзурд ка исæнхæст кæна, е æносмæ дæр мæлæт нæ фæу-
уиндзæнæй».

52 Иудейтæ Ин загътонцæ: «Нур мах базудтан, сайтангун ке дæ,
уой. Авраам дæр æма пахампартæ дæр рамардæнцæ, Ду ба зæгъис:
„Мæ дзурд ка исæнхæст кæна, е æносмæ дæр мæлæт нæ фæууин-
дзæнæй“. 53 Гæр, нæ фидæ Авраам дæр ку рамардæй, уæд Ду
уомæй уæлдæр дæ? Пахампартæ дæр ку рамардæнцæ. Дæхецæй ци
аразис?» 54 Йесо дзуапп равардта: «Кæд Æз Мæхецæн Мæхуæдæг
кадæ кæнун, уæд Мæ кадæ неци æй. Мæн кадгин кæнуй Мæ
Фидæ, сумах уæ Хуцау Ке хонетæ, Е. 55 Сумах Уой нæ базудтайтæ,
Æз ба 'Й зонун. Нæ 'Й зонун, зæгъгæ, ку зæгъон, уæд сумах хузæн
уодзæнæн сайæгой. Фал Æй Æз зонун æма Ин æнхæст кæнун Æ
дзурд. 56 Уæ фидæ Авраам хъæбæр цийнæ кодта, Ме 'рцуди бон
ке фæууиндзæнæй, уобæл; уингæ дæр æй фæккодта æма исций-
нæ кодта».

57 Уæд Ин иудейтæ загътонцæ: «Дæубæл дæс æма дууинсæй
анзи дæр нæма цæуй æма Авраами фæууидтай?» 58 Йесо син
загъта: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: Авраам ку адтæй, уомæй
раздæр Æз Дæн». 59 Уæд Имæ дортæ фелвастонцæ – рамарунмæ
'Й гъавтонцæ; фал Йесо фæййауuон æй æма рацудæй Ковæн-
донæй.

### *Йесо исдзæбæх кодта хъæрæуи*

9 1 Йесо фæццæйцæугæй фæууидта, æ райгурцæй хъæрæу ка ад-
тæй, уæхæн адæймаги. 2 Йесой Æ ахургæнуйнæгтæ бафарстонцæ:
«Равви, айæ хъæрæуæй ке тæрегъæди фудæй райгурдæй – æхе æви
æ нийиергути?» 3 Йесо дзуапп равардта: «Нæдæр æхе, нæдæр æ
нийиергути; фал хъæрæу уомæн æй, цæмæй ибæл æвдист æрцæуа
Хуцауи хъаурæ. 4 Цалинмæ бон æй, уæдмæ Æз гъæуама кæнон Мæ
Рарветæги гъуддæгтæ; æрбацæуй æхсæвæ, æма уæд некебал неци
бакæндзæнæй. 5 Цалинмæ Æз дуйней дæн, уæдмæ Æз дуйнейæн
Рохс дæн».

6 Уотæ ку загъта, уæд нитту кодта зæнхæбæл, исæйæзманста си-
къити хæццæ, æма æзмæнстæй байсарста хъæрæуæн æ цæститæ.
7 Æма ин загъта: «Цо, нихснæ дæ цæсгон Силоами æртайæни».
(«Силоам» тæлмацигондæй æй «æрвист».) Е фæццудæй, нихснадта
си æхе, ракастæй æ цæститæй æма рандæ ’й сæхемæ.

8 Æ синхонтæ, уæдта раздæр мæгургори ка фæсмардта, етæ
дзурдтонцæ: «Айæ еци мæгургор нæ йæй?» 9 Иннетæ ба дзурд-
тонцæ: «Е æй». Æндæртæ ба: «Нæ, фал уой хузæн æй». Æхуæдæг
ба дзурдта: «Е æз дæн». 10 Уæд æй бафарстонцæ: «Куд ракастæ
дæ цæститæй?» 11 Е дзуапп равардта: «Йесо Ка хуннуй, Еци
Адæймаг исæзманста сикъит, байсарста си мæ цæститæ æма
мин загъта: „Цо Силоаммæ æма дæхе нихснæ“. Æз фæццудтæн,
мæхе нихснадтон æма мæ цæститæй ракастæн». 12 Уæд ин загъ-
тонцæ: «Кæми æй Еци Адæймаг?» Е син дзуапп равардта: «Нæ
зонун».

### *Фарисейтæ фæрсунцæ, æ цæститæй ка ракастæй, уой*

13 Уæд раздæр хъæрæу ка адтæй, уой ракодтонцæ фарисейтæмæ.
14 Адтæй сабат, Йесо æзмæнст ку скодта æма хъæрæуи æ цæститæй
ку ракæсун кодта, уæд. 15 Райдæдтонцæ ’й фарисейтæ дæр фæрсун,
æ цæститæй куд ракастæй, уобæл. Е син загъта: «Мæ цæститæбæл
мин сикъити змæнст ниввардта Еци Адæймаг, мæхе нихснадтон
æма уинун». 16 Уæд фарисейтæй еуæй-еуетæ дзурдтонцæ: «Еци
Адæймаг Хуцауæй нæй, уомæн æма сабати æгъдау не ’нхæст кæ-
нуй». Иннетæ ба дзурдтонцæ: «Е тæрегъæдгун адæймаг ку уайдæ,
уæд Æ бон уæхæн дессæгтæ аразун адтайдæ?» Æма фæкъкъуæрдтæ
’нцæ. 17 Нæуæгæй дзорунцæ, хъæрæу ка адтæй, уомæ: «Ду ци зæгъ-
дзæнæ Уой туххæй, дæу ку ракæсун кодта дæ цæститæй?» Дзуапп
син равардта: «Е æй пахампар».

18 Хъæрæу ке адтæй æма æ цæститæй ке ракастæй, уобæл иудей-
тæ нæ бауæндтæнцæ, æма ин æ ниййергутæмæ фæдздзурдтонцæ
19 æма сæ бафарстонцæ: «Хъæрæуæй райгурдæй, зæгъгæ, кæмæй
зæгъетæ, а уæ еци фурт æй? Мадта нур кутемæй уинуй?» 20 Æ
ниййергутæ син дзуапп равардтонцæ: «Айæ нæ фурт ке æй æма
хъæрæуæй ке райгурдæй, уой зонæн; 21 нур кутемæй уинуй, уой
ба нæ зонæн, æ цæститæ ин ка байгом кодта, уой дæр нæ зонæн.
Æхе ин бафæрсетæ, сувæллон нæбал æй, æхуæдæг зæгъæд æхе
туххæй». 22 Етæ иудейтæй ке тарстæнцæ, уомæ гæсгæ равардтонцæ
уæхæн дзуапп; уомæн æма иудейтæ исфæндæ кодтонцæ, Киристе
ке æй, уой æргомæй ка дзора, уой синагогæй ратæрун. 23 Уомæ
гæсгæ загътонцæ æ ниййергутæ: «Сувæллон нæбал æй, æхе ин
бафæрсетæ».

24 Дуккаг хатт дæр бабæй, раздæр хъæрæу ка адтæй, еци адæй-
магмæ фæдздзурдтонцæ æма ин загътонцæ: «Хуцауи рази раст зæ-
гъæ. Мах зонæн, Еци Адæймаг тæрегъæдгун ке æй, уой». 25 Е син
дзуапп равардта: «Е тæрегъæдгун æй æви нæ, уой нæ зонун. Æз еу
гъуддаг зонун – адтæн хъæрæу, нур ба уинун». 26 Уæд æй бафарс-
тонцæ: «Еци Адæймаг дин ци бакодта? Кутемæй дæ ракæсун кодта
дæ цæститæй?» 27 Дзуапп син равардта: «Æз уин загътон, æма су-
мах нæ игъустайтæ. Цæмæн ма уæ фæндуй нæуæгæй игъосун?
Æви сумах дæр Уой ахургæнуйнæгтæ исун фæндуй?»

28 Байæфхуардтонцæ æма ин дзурдтонцæ: «Ду дæ Уой ахургæ-
нуйнаг, мах ба Моисейи ахургæнуйнæгтæ ан. 29 Моисейи хæццæ
Хуцау ке дзубанди кодта, уой мах зонæн, А ба кæцæй æй, уой нæ
зонæн». 30 Е син дзуапп равардта: «Дессаг дæр е æй, æма кæцæй
æй, уой нæ зонетæ, мæн ба мæ цæститæй ракæсун кодта. 31 Мах
зонæн, тæрегъæдгунтæмæ Хуцау ке нæ игъосуй, уой; фал Хуцауи
ка нимайуй æма Ин Æ фæндон ка æнхæст кæнуй, уомæ игъосуй.
32 А дуйнебæл уæхæн хабар нæма адтæй, æма еске райгурцæй хъæ-
рæуи æ цæститæй ракæсун кодта, зæгъгæ. 33 Е Хуцауæй ку нæ уай-
дæ, уæд Æ бон неци кæнун уайдæ». 34 Загътонцæ ин дзуаппæн: «Ду
æгасæй дæр тæрегъæдти ку райгурдтæ, уæд ду мах ахур кæнис?»
Æма ’й ратардтонцæ.

***Хъæрæу фарисейтæ***

35 Йесо фегъуста, ке ’й ратардтонцæ, уой, исæйирдта æма ин
загъта: «Ду æууæндис Адæймаги Фуртбæл?» 36 Е дзуапп равардта:
«Е ба Ка ’й, хецау? Зæгъай мин æй, цæмæй Ибæл æууæндон».
37 Йесо имæ дзоруй: «Уингæ дæр Æй фæккодтай, æма дзубанди

дæр Е кæнуй дæ хæццæ». 38 Уæд Ин е загъта: «Æууæндун, Хецау!»
Æма æ уæрагисæртæбæл æрхаудтæй Æ рази. 39 Йесо дзоруй: «Æз
аци дуйнемæ тæрхон кæнунмæ æрцудтæн, цæмæй хъæрæутæ ра-
кæсонцæ сæ цæститæй, уингæ ка кæнуй, етæ ба нихъхъæрæу
уонцæ».

40 Йесой рази ци фарисейтæ адтæй, етæ уой ку фегъустонцæ,
уæд Ин загътонцæ: «Гæр, мах дæр хъæрæу ан?» 41 Йесо син загъта:
«Сумах хъæрæу ку уиайтæ, уæд уæбæл тæрегъæд нæ уайдæ, фал
хъæрæу нæ ан, зæгъгæ, ке зæгъетæ, уой туххæй уæ тæрегъæд уæхе-
бæл æй.

### *Фиййау æма дзогæ*

**10** 1 Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: фусти стойнæмæ дуарбæл ка
нæ бацæуа, фал æндæрбæлти ка бабура, е æй давæг æма абæ-
рег; 2 дуарбæл бацæуæг ба фустæн фиййау æй. 3 Уомæн дуаргæс
байгом кæнуй, æма е дзоруй æхе фустæмæ сæ нæмттæй, фустæ 'й
игъосунцæ, æма сæ е æндæмæ рахонуй. 4 Æма æхе фусти æндæмæ
ку рахонуй, уæд фæццæуй сæ разæй, фустæ ба æ фæдбæл цæунцæ,
уомæн æма 'й æ дзурдæй базонунцæ. 5 Æцæгæлони фæдбæл ба нæ
цæунцæ, фалæ си ледзунцæ, уомæн æма æцæгæлон ке æй, уой ин
æ дзурдæй балæдæрунцæ».

6 Йесо аци æмбесонд радзурдта, фал æй цæй туххæй радзурдта,
уой нæ балæдæрдтæнцæ.

### *Йесо – хуарз фиййау*

7 Уæд син Йесо нæуæгæй загъта: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн:
Æз дуар дæн фустæн. 8 Мæнæй размæ ка æрцудæй, етæ еугурæй дæр
адтæнцæ давгутæ æма абæргутæ, фалæ сæмæ фустæ нæ байгъус-
тонцæ. 9 Æз дæн дуар. Æ над Мæнбæл кæмæн уа, е фæййервæз-
дзæнæй – бацæудзæнæй, рацæудзæнæй æма хезнæ иссердзæнæй.
10 Давæг æрцæуй æрмæстдæр радавунмæ, рамарунмæ æма бабун кæ-
нунмæ. Æз ба уомæн æрцудтæн, цæмæй раттон цард уæлдайгунтæй.

11 Æз хуарз фиййау дæн. Хуарз фиййау æ цард раттуй æ фусти
сæрбæл. 12 Ихуæрст ба уæхæн нæй – уомæн фустæ æхе нæ 'нцæ.
Берæгъи æрбацæугæ ку фæууинуй, уæд ниууадзуй фустæ æма ра-
ледзуй, берæгъ фустæ æскъæфуй æма сæ хæлеу кæнуй. 13 Ихуæрст
раледзуй, уомæн æма уой ихуæрсгæ бакодтонцæ æма фустæбæл
нæ тухсуй.

14 Æз хуарз фиййау дæн. Æз зонун Мæ фусти, Мæ фустæ дæр
зонунцæ Мæн. 15 Мæн Мæ Фидæ куд зонуй, уотæ Æз дæр зонун

Мæ Фиди, æма Мæ цард дæттун Мæ фусти сæрбæл. [16] Ес ма Мин
æндæр фустæ дæр, аци стойнæй ка нæй, уæхæнттæ; æма уони дæр
гъæуама æрхонон. Етæ фегъосдзæнцæ Мæ дзурд, æма уодзæнæй еу
дзогæ æма еу Фиййау. [17] Мæ Фидæ Мæ уомæн уарзуй, æма Æз
дæттун Мæ цард, цæмæй æй фæстæмæ райсон. [18] Неке Мин есуй
Мæ цард, фал æй Мæхуæдæг фæндонæй дæттун. Мæ барæ æй Мæ
цард раттун дæр, æма æй фæстæмæ райсун дæр. Аци фæдзæхст Æз
райстон Мæ Фидæй».

[19] Аци дзурдти туххæй бабæй иудейтæ фæкъкъуæрдтæ ’нцæ. [20] Уо-
нæй беретæ дзурдтонцæ: «Е сайтангун æй, æма Æ сæри зунд фæц-
цудæй. Ци Имæ игъосетæ?» [21] Иннетæ ба дзурдтонцæ: «Етæ сайтан-
гуни дзурдтæ нæ ’нцæ. Сайтани бон хъæрæуи цæститæ райгон кæ-
нун нæй».

### *Иудейтæ не ’ууæндтæнцæ Йесобæл*

[22] Уæд Иерусалими ралæудтæй Ковæндонæ Искæдзос кæнуни
бæрæгбон[a]. Адтæй зумæг. [23] Йесо рацо-бацо кодта Ковæндони,
Соломони дзатмай. [24] Ами Ибæл æрæмбурд æнцæ иудейтæ æма
Ин дзурдтонцæ: «Кæдмæ
нæ мæстæй мардзæнæ?
Кæд Киристе дæ, уæд
нин æй æргом зæгъæ».
[25] Йесо син дзуапп ра-
вардта: «Æз уин загътон
æма не ’ууæндетæ. Æз ци
гъуддæгтæ кæнун Мæ Фи-
ди номæй, етæ æвдесæн
æнцæ Мæн туххæй. [26] Фал
сумах не ’ууæндетæ, уомæн
æма Мæ фустæй нæ айтæ.
[27] Мæ фустæ игъосунцæ
Мæ дзурд, Æз зонун уони,
æма етæ цæуонцæ Мæ



*Соломони дзатма*
*Иерусалими Ковæндони*

фæдбæл. [28] Æз син дæттун æносон цард, æма æносмæ дæр нæ
фесæфдзæнцæ, æма сæ Мæ къохæй неке раскъæфдзæнæй. [29] Мæ
Фидæй – уони Мин Ка равардта, Уомæй – бæрзонддæр нæййес,

[a] **10:22** *Ковæндонæ Искæдзос кæнуни бæрæгбон* бæрæггонд цудæй неза-
манти дуккаг æносæй фæстæмæ. Иерусалими Ковæндонæ уой размæ
фæцъцъумур æй æцæгæлæнтти къохæй.

æма неке бон æй Мæ Фиди къохæй раскъæфун. [30] Æз æма Мæ
Фидæ еу ан».

[31] Иудейтæ бабæй Имæ дортæ фелвастонцæ – рамарунмæ 'Й гъав-
тонцæ. [32] Йесо син загъта: «Æз уин берæ хуарз гъуддæгтæ фæууинун
кодтон Мæ Фиди хъаурæй. Цума Мæ уонæй кæцити туххæй дортæй
марунмæ гъаветæ?» [33] Иудейтæ Ин дзуапп равардтонцæ: «Хуарз гъуд-
дæгти туххæй Дæ нæ гъавæн дортæй рамарунмæ, фал адæймаг уогæй
Дæхецæй Хуцау ке аразис æма уомæй Хуцауи ке фауис, уой туххæй».

[34] Йесо син загъта: «Хуцау уæ Закъони уотæ нæ дзоруй, „Æз
загътон: сумах хуцæуттæ айтæ“, зæгъгæ? [35] Сугъдæг Финст ба æцæг
æй алкæддæр. Æма кæд, Хуцауи дзурд кæмæ загъд æрцудæй, уони
хуцæуттæ исхундæй, [36] уæд Фидæ Ке равзурста æма дуйнемæ Ке
рарвиста, Уомæн куд зæгъетæ „Хуцауи фауис“, зæгъгæ, „Æз
Хуцауи Фурт дæн“ ке загътон, уой туххæй? [37] Мæ Фиди гъуддæгтæ
кæд нæ кæнун, уæд Мæбæл ма 'ууæндетæ. [38] Кæд æма Æз Мæ Фи-
ди гъуддæгтæ кæнун æма Мæбæл уотемæй дæр не 'ууæндетæ, уæд-
та уæддæр аци гъуддæгтæбæл æууæндетæ, цæмæй базонайтæ æма
лæдæрайтæ, Æз Мæ Фиди хæццæ еу ке дæн, æма Мæ Фидæ Мæн
хæццæ еу ке æй». [39] Уæд бабæй Æй гъавтонцæ ниййахæссунмæ,
фалæ сæ къохи нæ бафтудæй.

[40] Йесо нæуæгæй рандæ 'й Иордани иннæ фарсмæ, Иоанн раз-
дæр донæй кæми аргъудта, уордæмæ; æма еу цæйбæрцæдæр фæ-
цæй уоми. [41] Æрцудæй Имæ берæ адæм æма дзурдтонцæ: «Иоанн
неци дессаг исаразта, фал Йесой туххæй цидæриддæр дзурдта, е ба
адтæй æцæг». [42] Æма Йесобæл уоми беретæ баууæндтæнцæ.

### *Лазæр рамардæй*

**11** [1] Еу лæг, æ ном Лазæр, адтæй сæйгæ. Е адтæй Вифаний гъæ-
уæй – æ хуæртæ Мариа æма Марфæ кæми цардæнцæ, уорди-
гæй. [2] Мариа ба адтæй, Хецау Йесой дзæбæхæсмаггæнæнæй ка
байсарста æма Уомæн Æ къæхтæ æ дзиккотæй ка ниссæрфта, еци
силгоймаг. Гъе уой æнсувæр Лазæр адтæй сæйгæ.

[3] Хуæртæ рарвистонцæ Йесойæн зæгъунмæ: «Хецау, Ду ке уар-
зис, е сæйгæ æй». [4] Йесо уой ку фегъуста, уæд загъта: «Еци нез
мæлæтмæ нæй, фалæ Хуцауи кадæн æй, цæмæй уой фæрци рар-
гом уа Хуцауи Фурти кадæ». [5] Йесо уарзта Марфи, уой хуæрæ
Мариай æма Лазæри. [6] Фалæ Лазæри сæйги хабар ку фегъуста, уæд
кæми адтæй, уоми ма фæцæй дууæ бони.

[7] Уой фæсте загъта ахургæнуйнæгтæн: «Цæуæн нæуæгæй Иуде-
йæмæ». [8] Ахургæнуйнæгтæ Ин загътонцæ: «Равви, æрæги дæр ма

Дæ иудейтæ дортæй рамарунмæ ку гъавтонцæ, уæд бабæй уордæ-
мæ цæуис?» 9 Йесо дзуапп равардта: «Бони дæргъцæ дууадæс са-
хатти нæй? Бонигон ка цæуй, е æ къах нæ къуæруй, уомæн æма
уинуй аци дуйней рохс. 10 Æхсæвигон ка цæуй, е ба æ къах къуæ-
руй, уомæн æма имæ рохс нæййес».

11 Аци дзурдтæбæл ма бафтудта: «Нæ хæлар Лазæр бафунæй æй,
фал Æз цæун уой райгъал кæнунмæ». 12 Æ ахургæнуйнæгтæ Ин
загътонцæ: «Хецау, кæд фунæй бацæй, уæд исдзæбæх уодзæнæй».
13 Йесо син Лазæри мæлæти туххæй дзурдта, етæ ба уотæ æнгъæл
адтæнцæ, цума хумæтæги фунæййи туххæй зæгъуй. 14 Уæд син
Йесо æргомæй загъта: «Лазæр рамардæй; 15 æма Æз уоми ке нæ ад-
тæн, уобæл цийнæ кæнун сумах туххæй, уомæн æма сумах бау-
уæнддзинайтæ. Нур ба цæуæн уомæ». 16 Уæд Фома, фæсномугæй
Фаззон ке худтонцæ, е, загъта иннæ ахургæнуйнæгтæн: «Цæуæн
æма мах дæр Йесой хæццæ рамæлæн».

### *«Æз дæн æгасгæнæг æма цардлæттæг»*

17 Йесо ку ’рцудæй, уæд базудта, Лазæр цуппар бони уобайи ке
æй, уой. 18 Вифани ба Иерусалиммæ хæстæг лæудтæй – се ’хсæн
æдеугурæй адтæй финддæс стадий[a] бæрцæ. 19 Æма иудейтæй бере-
тæ æрцудæнцæ Марфæ æма Мариайæн се ’нсувæри зиани фæдбæл
тæфирфæс кæнунмæ.

20 Йесо ке æрбацæуй, уой Марфæ ку фегъуста, уæд рацудæй Æ
размæ; Мариа ба хæдзари байзадæй. 21 Марфæ загъта Йесойæн:
«Хецау! Ду ами ку адтайсæ, уæд ме ’нсувæр нæ рамардайдæ. 22 Фал
нур дæр зонун: Ду Хуцауæй цидæриддæр ракорай, уой Дин ратдзæ-
нæй». 23 Йесо ин загъта: «Де ’нсувæр райгас уодзæнæй». 24 Марфæ
Ин загъта: «Фæстаг бон, мæрдти райгаси бон ке райгас уодзæнæй,
уой зонун». 25 Йесо загъта Марфæн: «Æз дæн æгасгæнæг æма
цардлæттæг. Мæнбæл ка æууæндуй, е ку рамæла, уæддæр райгас
уодзæнæй. 26 Уодæгас ка æй æма Мæнбæл ка æууæндуй, е нæ ра-
мæлдзæнæй æносмæ дæр. Уобæл æууæндис?» 27 Марфæ Ин дзуапп
равардта: «Гъо, Хецау! Æз æууæндун: Ду Киристе дæ, Хуцауи
Фурт, дуйнемæ æрцæуйнаг Ка адтæй, Е».

### *Йесойæн Æ цæстисуг æркалдæй*

28 Еци загъди фæсте Марфæ рацудæй æма сосæггæй фæдздзурд-
та æ хуæрæ Мариамæ: «Ахургæнæг ами æй æма дæмæ дзоруй».

[a] **11:18** *15 стадий* – 3 километри бæрцæ.

29 Мариа, куддæр еци хабар фегъуста, уотæ тагъд-тагъдæй феста-
дæй æма рандæ 'й Уомæ. 30 (Йесо гъæумæ нæма бацудæй, фалæ ма
адтæй, Марфæ Ибæл кæми фембалдæй, еци рауæн.) 31 Мариа
тагъд-тагъдæй ке исистадæй æма рацудæй, уой фæууидтонцæ, æ
хæццæ хæдзари ка адтæй æма ин тæфирфæс ка кодта, еци иудей-
тæ, æма æ фæдбæл рацудæнцæ. Етæ æнгъæл адтæнцæ, кæд уобай-
мæ кæунмæ цæуй, зæгъгæ.

32 Мариа æрбацудæй, Йесо кæми адтæй, уордæмæ; æма 'Й ку
фæууидта, уæд Æ къæхти размæ æрхаудтæй æма Ин загъта: «Хецау!
Ду ами ку адтайсæ, уæд нæ рамардайдæ ме 'нсувæр». 33 Мариа æма
æ хæццæ ци иудейтæ æрбацудæй, уони Йесо кæугæ ку фæууидта,
уæд Æ зæрдæ рахъурмæ 'й, 34 æма бафарста: «Кæми æй байвардтай-
тæ?» Загътонцæ Ин: «Хецау, рацо æма фæууинæ». 35 Йесойæн Æ
цæстисуг æркалдæй. 36 Æма иудейтæ дзурдтонцæ: «Кæсис, куд æй
уарзта!» 37 Уонæй кадæртæ ба загътонцæ: «Хъæрæуи æ цæститæй Ка
ракæсун кодта, Уомæн Æ бон нæ бацайдæ, цæмæй аци адæймаг ма
рамæла?»

### *Йесо райгас кодта Лазæри*

38 Йесойæн бабæй Æ зæрдæ рахъурмæ 'й, уотемæй уобайи раз-
мæ бацудæй. Е адтæй лæгæт, æ бацæуæнбæл æвæрд адтæй дор.
39 Йесо загъта: «Раеуварс кæнетæ дор». Мардæн æ хуæрæ, Марфæ,
Уомæ дзоруй: «Хецау! Смаг кæнун райдæдта; нур цуппар бони
лæууй уобайи». 40 Йесо ин загъта: «Нæ дин дзурдтон, ку æууæн-
дай, уæд Хуцауи кадæ фæууиндзæнæ, зæгъгæ?» 41 Раеуварс код-
тонцæ дор.

Йесо искастæй уæларвмæ æма загъта: «Мæ Фидæ, арфæ Дин
кæнун, ке Мæ фегъустай, уой туххæй. 42 Æз зудтон, Ду Мæ алкæд-
дæр ке игъосис, уой, фал уотæ загътон, ами ци адæм лæууй, уони
туххæй, цæмæй бауæндонцæ, Мæн Ду ке рарвистай, уобæл».

43 Еци загъди фæсте Йесо багъæр кодта: «Лазæр, æндæмæ рацо!»
44 Æма мæнæ мард рацудæй, æ къохтæ æма æ къæхтæ мæрддзæг-
тæй тухт, æ цæсгонбæл – æфсæрæбæттæн. Йесо загъта: «Райиха-
летæ, уадзæ 'ма цæуа».

### *Сосæг фæндæ Йесой рамаруни туххæй*

45 Мариамæ ка æрбацудæй, еци иудейтæй беретæ, Йесо ци дес-
саг исаразта, уой ку фæууидтонцæ, уæд Ибæл бауæндтæнцæ.
46 Уонæй кадæртæ ба фæццудæнцæ фарисейтæмæ æма син ра-
дзурдтонцæ, Йесо ци бакодта, уой туххæй.



*Синедрион – иудейаг хецæутти æмбурд*

47 Хестæр саугинтæ æма фарисейтæ æрæмбурд кодтонцæ синед-
рион æма загътонцæ: «Ци бакæнæн? Аци Адæймаг берæ дессæгтæ
аразуй. 48 Уой уотæ ку ниууадзæн, уæд Ибæл æгасæй дæр бауувæнд-
дзæнæнцæ, æма æрцæудзæнæнцæ ромæгтæ æма нин нæ Ковæн-
донæ дæр, нæ адæми дæр бабун кæндзæнæнцæ».
49 Уонæй еу, Кайафæ, еци анз хестæр саугин ка адтæй, е, загъта:
«Сумах неци лæдæретæ 50 æма нæ сагъæс кæнетæ, æгас адæм фе-
сæфуни бæсти адæми сæрбæлтау еунæг
адæймаг ку рамæла, уæд е сумахæн хуæздæр
ке æй, уобæл». 51 Аци дзурдтæ æхецæй нæ
загъта, фалæ еци анз хестæр саугин уогæй,
куд пахампар, рагагъоммæ фегъосун кодта,
Йесо адæми сæрбæлтау ке рамæлдзæнæй,
уой, 52 æма æрмæст иудейаг адæми сæрбæл-
тау нæ, фалæ цæмæй æрæмбурд кæна еумæ
Хуцауи сувæллæнтти, дуйнебæл ка ниххæлеу
æй, уони.
53 Еци бон искодтонцæ Йесой рамаруни
фæндæ. 54 Уомæ гæсгæ Йесо æргомæй нæбал
цудæй иудейти æхсæн, фал уордигæй рандæ
'й Эфраиммæ – æдзæрæг бæстæмæ хæстæг
ка адтæй, еци сахармæ; æма уоми æрфусун
кодта Æ ахургæнуйнæгти хæццæ.



*Иудейаг хестæр саугин*

55 Æрбахæстæг æй иудейаг Коуувадзæн, æма беретæ алкæцæйти
Коуувадзæни агъоммæ исцудæнцæ Иерусалиммæ, иудейаг æгъдау-
мæ гæсгæ сæхе искæдзос кæнунмæ. 56 Уæд агурдтонцæ Йесой æма

Ковæндони сæ кæрæдземæн дзурдтонцæ: «Куд уæмæ кæсуй, Йесо
бæрæгбонмæ не ’рбацæудзæнæй?» 57 Хестæр саугинтæ æма фари-
сейтæ тухгин ниффæдзахстонцæ, цæмæй Йесо кæми æй, уой ка
базона, е фегъосун кæна, æма ’Й ниййахæссонцæ.

### *Йесой байсарстонцæ дзæбæхæсмаггæнæнæй*

**12** 1 Коууадзæнмæ ма æхсæз бони ку гъудæй, уæд Йесо æрбацу-
дæй Вифанимæ, мæрдтæй ке райгас кодта, еци Лазæр кæми
цардæй, уордæмæ. 2 Уоми Ин æрæвардтонцæ фингæ. Марфæ адтæй
зелæнгæнæг; Лазæр ба Йесо æма иннети хæццæ бадтæй фингæбæл.
3 Мариа райста кæдзос хъазар дзæбæхæсмаггæнæни гиранка[a],
нард, зæгъгæ, уæхæн зайæгоййæй конд, байсарста си Йесой
къæхтæ æма Ин сæ ниссæрфта æ дзикко-
тæй. Хæдзарæ байдзаг æй дзæбæх смагæй.
4 Йесой ахургæнуйнæгтæй еу, Иудæ Иска-
риот – ка ’Й рауæйæ кæндзæнæй, е – загъ-
та: 5 «Аци дзæбæхæсмаггæнæн цæмæннæ
æнгъизтæй æртæ сæдæ динаребæл рауæйæ
кæнун æма æхца мæгургортæн байуарун?»
6 Уотæ мæгургортæбæл батухсуни туххæй
нæ загъта, фалæ давæг ке адтæй, уой тух-
хæй: æхцаивæрæн уомæ адтæй, æма си ци
ниввæрионцæ, уой райсидæ. 7 Йесо загъта:
«Уадзæ ’й, е Мин æй Мæ нигæнæн бонмæ
фæйййаурста. 8 Мæгургортæ алкæд уæ цори æнцæ, Æз ба алкæд
уæ хæццæ нæ уодзæнæн».



*Нард*

### *Сосæг фæндæ Лазæри рамаруни туххæй*

9 Иудейтæй беретæ базудтонцæ, Йесо уоми ке æй, уой; æма æр-
бацудæнцæ айдагъ Йесой туххæй нæ, фал цæмæй фæууинонцæ,
мæрдтæй ке райгас кодта, еци Лазæри дæр. 10 Нур хестæр саугинтæ
ба рамаруни фæндæ искодтонцæ Лазæрæн дæр, 11 уомæн æма
иудейтæй беретæ æрцæуионцæ Лазæри туххæй æма Йесобæл бау-
уæндионцæ.

### *Йесо бацудæй Иерусалиммæ*

12 Дуккаг бон, бæрæгбонмæ ци берæ адæм æрæмбурд æй, етæ
фегъустонцæ, Йесо Иерусалиммæ ке æрбацæуй, уой; 13 æма

---

[a] **12:3** *Гиранка* – 300 грамми бæрцæ.



*Иерусалим*

райстонцæ пальми къалеутæ, рацудæнцæ Æ размæ æма гъæр код-
тонцæ: «Осаннæ![а] Арфæгонд æй Хуцауи номæй æрцæуæг! Арфæ-
гонд æй Израили Паддзах!» **14** Йесо сбадтæй хæрæгбæл, Сугъдæг
Финст куд зæгъуй, уотæ: **15** «Ма тæрсæ, Сиони кизгæ[б]! Мæнæ дæ
Паддзах фæццæуй къæлæубæл бадгæй». **16** Æ ахургæнуйнæгтæ
фиццаг нæ балæдæрдтæнцæ уой; фал Йесой кадæ ку раргом æй,
уæд сæмæ багъардта, уотæ Йесой туххæй финст ке æй æма финст
ке исæнхæст æй, е.

**17** Йесо Лазæрмæ уобаймæ ку бадзурдта æма 'й мæрдтæй ку рай-
гас кодта, уæд Æ хæццæ ци адæм адтæй, етæ æвдесæн лæудтæнцæ
уой туххæй. **18** Адæм дæр гъе уомæн Æ размæ рацудæнцæ, æма фе-
гъустонцæ, Е ци дессаг исаразта, уой. **19** Фарисейтæ ба дзурдтонцæ
кæрæдземæн: «Уинетæ, куд неци нин æнтæсуй! Æгас дуйне дæр Æ
фæдбæл цæуй».

### *Грекъæгтæ æрбацудæнцæ Йесомæ*

**20** Бæрæгбони баковунмæ æрцæуæг адæмæй еуæй-еуетæ ад-
тæнцæ грекъæгтæ. **21** Етæ бацудæнцæ Филиппмæ, галилейаг сахар
Вифсаидæй ка адтæй, уомæ; æма си курдтонцæ: «Хуарз лæг, мах
Йесой фæууинун фæндуй». **22** Филипп бацудæй Андреймæ æма ин

---

[а] **12:13** *Осаннæ* (дзиуиттагау) – цийни гъæр Хуцауи кадæн.

[б] **12:15** *Сион* æй Иерусалими хуæнхтæй еу. *Сиони кизгæ* – Иерусалими поэтикон ном.

уой радзурдта. Андрей æма Филипп уæд Йесомæ бацудæнцæ æма
Ин загътонцæ.

[23] Йесо син загъта: «Адæймаги Фуртæн ралæудтæй Æ кадæ раргом
кæнуни афонæ. [24] Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: мæнæуи нæмуг зæн-
хæмæ æрхаугæй ку нæ рамæла, уæд байзайдзæнæй еунæгæй; фал ку
рамæла, уæдта æрхæсдзæнæй берæ тиллæг. [25] Æ уод ка уарзуй, е æ
уод бабун кæндзæнæй, фал æ уод ка нæ уарзуй аци дуйнебæл, е ба ’й
багъæуай кæндзæнæй æносон цардæн. [26] Мæнæн ка косуй, е Мæ
фæдбæл рацæуæд; æма Æз кæми уон, Мæ косæг дæр уоми уодзæ-
нæй; æма Мæнæн ка косуй, уой Мæ Фидæ искадгин кæндзæнæй.

### *Йесо загъта Æ мæлæти туххæй*

[27] Мæ уод нур унгæг æй. Æма ци зæгъон? Уотæ зæгъон, Мæ Фи-
дæ, фæйййервæзун Мæ кæнæ аци уодхари сахаттæй, зæгъгæ? Фалæ
цæугæ дæр уомæн ку æркодтон, еци сахатти туххæй. [28] Мæ Фидæ!
Искадгин кæнæ Дæ ном». Уæд уæларвæй æригъустæй гъæр: «Ис-
кадгин æй кодтон æма ’й нигги дæр искадгин кæндзæнæн».
[29] Уоми лæуууæг адæм уой ку фегъустонцæ, уæд сæ еуетæ дзурд-
тонцæ: «Е арви гъæр æй». Иннетæ ба дзурдтонцæ: «Изæд дзурдта
Æ хæццæ». [30] Йесо ба уой туххæй загъта: «Ци гъæр фегъустайтæ, е
Мæн туххæй нæ адтæй, фалæ сумах туххæй. [31] Нур аци дуйнейæн
æ тæрхони бон æрбахъæрттæй, нур аци дуйнейæн е ’лдар[a] гæлст
æрцæудзæнæй. [32] Æма Æз зæнхæй уæлæмæ ист ку æрцæуон, уæд
æгасей дæр æрбакæндзæнæн Мæхемæ». [33] Еци дзурдæй Йесо рага-
гъоммæ загъта, циуавæр мæлæтæй рамæлдзæнæй, уой.

[34] Адæм Ин дзуапп равардтонцæ: «Мах Закъонæй зонæн,
Киристе æносмæ ке цæрдзæнæй, уой. Уæд Ду куд зæгъис, Адæй-
маги Фурт уæлæмæ ист æрцæудзæнæй, зæгъгæ? Ка æй Еци Адæй-
маги Фурт?» [35] Уæд син Йесо загъта: «Цубур рæстæг ма æй рохс уæ
хæццæ. Цотæ, цалинмæ рохс уæ хæццæ ’й, уæдмæ, цæмæй уæ та-
лингæ ма бамбæрза, уомæн æма талинги цæуæг нæ зонуй, кумæ
цæуй, уой. [36] Цалинмæ рохс уæ хæццæ ’й, уæдмæ æуууæндетæ рохс-
бæл, цæмæй уайтæ рохси фурттæ». Уотæ зæгъгæй, Йесо рацудæй
æма фæййауон æй уонæй.

### *Иудейти бон не ’ссæй бауууæндун*

[37] Уойбæрцæ дессæгтæ искодта Йесо сæ рази, фалæ Ибæл уæддæр
не ’ууæндтæнцæ. [38] Уотæ исæнхæст æй пахампар Исайи дзурд:

---

[a] **12:31** *Аци дуйней æлдар* – сайтан.

«Хецау, ка бауyæндтæй, махæй фегъосгæй, æма кæмæн раргом æй
Хецауи хъаурæ?» 39 Сæ бон уомæ гæсгæ не 'ссæй бауyæндун, æма
Исай нигги дæр куд загъта: 40 «Уотæ зæгъуй Хуцау: сæ цæститæ син
нихъхъæрæу кодтон æма син сæ зæрдитæ нихъхъæбæр кодтон, цæ-
мæй ма уинонцæ цæститæй æма ма лæдæронцæ зæрдæй æма Мæ-
мæ ма раздæхонцæ, цæмæй сæ Æз исдзæбæх кæнон». 41 Уотæ уомæн
загъта Исай, æма фæуyидта Йесой кадæ æма дзурдта Уой тухxæй.

42 Угæ хецæуттæй дæр беретæ бауyæндтæнцæ Уобæл, фалæ
фарисейти тухxæй не 'ргом кодтонцæ сæхе – тарстæнцæ, синаго-
гæй сæ ку ратæронцæ, уомæй. 43 Уомæн æма етæ Хуцау ци кадæ
дæттуй, уомæй адæм ци кадæ дæттунцæ, уой фулдæр бауарзтонцæ.

### *Æуyæндгутæ æма æнæуyæндгутæ*

44 Йесо гъæрæй загъта: «Мæнбæл ка æуyæндуй, е Мæнбæл не
'уyæндуй, фалæ Мæ Рарветæгбæл æуyæндуй. 45 Æма Мæн ка уинуй,
е уинуй Мæ Рарветæги. 46 Æз Рохс дæн, æма æрцудтæн дуйнемæ,
цæмæй Мæнбæл кадæр æуyæндуй, е мабал уа талинги. 47 Æма
Мæн дзурдтæ ка фегъоса æма сæ ка нæ æнхæст кæна, уомæн Æз
тæрхон нæ кæнун, уомæн æма Æз дуйнейæн тæрхон кæнунмæ не
'рцудтæн, фалæ дуйне ервæзун кæнунмæ. 48 Мæн æхецæй ка еу-
варс кæнуй æма Мин Мæ дзурдтæбæл ка не 'уyæндуй, уомæн ес
тæрхонгæнæг: Æз ке дзурдтон, еци дзурд ин тæрхон кæндзæнæй
фæстаг бон. 49 Уомæн æма Æз Мæхе номæй нæ дзурдтон, фалæ ци
зæгъгæй æма куд дзоргæй, уой Мин Мæ рарветæг Фидæ бафæ-
дзахста. 50 Æма Æз зонун: Уой фæдзæхст æй æносон цард. Еу загъ-
дæй, Æз ци дзорун, уой Мин Мæ Фидæ загъта».

### *Йесо нихснадта ахургæнуйнæгтæн сæ къæхтæ*

**13** 1 Коуyадзæн æрбахæстæг æй. Йесо зудта, Уомæн аци дуйне-
йæй Æ Фидæмæ цæуни рæстæг ке æрхъæрттæй, уой. Аци
дуйней Е Æхеуонти уарзта, басæуарзта æнæкæрон уарзтæй.

2 Йесо Æ ахургæнуйнæгти хæццæ бадтæй æхсæвæри фингæ-
бæл. Уæдмæ Иудæн, Симон Искариоти фуртæн, сайтан æ зæрди
ниввардта Йесой рауæйæ кæнуни фæндæ. 3 Йесо зудта, Æ Фидæ
Ин алцидæр Æ къохтæмæ ке равардта, Хуцауæй ке рацудæй æма
Хуцаумæ ке цæуй, уой. 4 Исистадæй фингæй, раласта Е 'ндаг
хъæппæл, райста хесæрфæн æма 'й æрбабаста Æ астæубæл.
5 Уæдта хъувгъани дон никкодта æма райдæдта ахургæнуйнæгтæн
сæ къæхтæ æхснун, Æ астæубæл баст хесæрфæнæй ба син сæ
сæрфта.

6 Бацудæй Симон Петрмæ, æма Имæ е ба дзоруй: «Хецау, Ду
мæнæн куд гъæуама нихснай мæ къæхтæ?» 7 Йесо ин дзуапп ра-
вардта: «Æз ци кæнун, уой ду нур нæ лæдæрис, байлæдæрдзæнæ
фæстæдæр». 8 Петр Ин загъта: «Ду мæнæн мæ къæхтæ некæд нихс-
нæндзæнæ». Йесо имæ дзоруй: «Ку нæ дин сæ нихснон, уæд дин
Мæ хæццæ еумæйагæй неци ес». 9 Симон Петр Ин загъта: «Хецау,
мадта-уæдта айдагъ мæ къæхтæ нæ, фалæ ма мин мæ къохтæ æма
мæ сæр дæр нихснæ». 10 Йесо ин загъта: «Æхснад ка уа, уомæн æр-
мæстдæр æ къæхтæ æхснун гъæуй, уомæн æма æгасæй дæр кæдзос
æй. Сумах дæр кæдзос айтæ, фалæ уе 'гас нæ». 11 Йесо зудта Æ ра-
уæйæгæнæги, æма уомæ гæсгæ загъта: «Уе 'гас кæдзос нæ айтæ».

12 Сæ къæхтæ син ку нихснадта æма Æ дарæс ку скодта, уæд ба-
бæй æрбадтæй æма син загъта: «Ци уин бакодтон, уой лæдæретæ?
13 Сумах Мæн хонетæ Ахургæнæг æма Хецау, æма раст зæгъетæ,
уомæн æма Æз Ахургæнæг æма Хецау дæн. 14 Æма кæд Æз, Хецау
æма Ахургæнæг, сумахæн уæ къæхтæ нихснадтон, уæд сумах дæр
гъæуама æхснайтæ уæ кæрæдзей къæхтæ. 15 Æз уин аци гъуддаг
уомæ гæсгæ равдистон, цæмæй сумах дæр, Æз уин ци бакодтон, уой
кæнайтæ. 16 Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: цагъар æ хецауæй уæлдæр
нæй, æма æрвист æ рарветæгæй уæлдæр нæй. 17 Кæд уой зонетæ,
уæд тæходуййаг уодзинайтæ, уой ку исæнхæст кæнайтæ, уæд.

18 Уе 'гасей туххæй нæ зæгъун. Ке равзурстон, Æз уони зонун,
фалæ уадзæ æма Сугъдæг Финст исæнхæст уæд: „Мæ хæццæ кæр-
дзин ка хуардта, е Мæ нихмæ рацудæй". 19 Цалинмæ финст нæма
исæнхæст æй, уæдмæ уин æй зæгъун, цæмæй ку исæнхæст уа, уæд
бауæндайтæ: Æз Дæн. 20 Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: Æз ке рар-
ветон, уой ка райса, е Мæн есуй; Мæн ка райса, е ба Мæ Рарве-
тæги есуй».

### *Йесо загъта Æ рауæйæгæнæги туххæй*

21 Йесо уотæ ку загъта, уæд Æ уод исунгæг æй, æма æргом
загъта: «Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: Мæн рауæйæ кæндзæнæй
сумахæй еу». 22 Ахургæнуйнæгтæ кæрæдземæ кастæнцæ, нæ лæ-
дæрдтæнцæ, Йесо ке туххæй загъта, уой. 23 Æ ахургæнуйнæгтæй еу,
Йесо ке уарзта, е, бадтæй Æ фарсмæ. 24 Симон Петр ин нисанæй
балæдæрун кодта, цæмæй Йесой бафæрса, ке туххæй дзоруй, уобæл.
25 Е, Йесомæ æхе фæххæстæгдæргæнгæй, бафарста Уой: «Хецау,
ка 'й е?» 26 Йесо дзуапп равардта: «Къæбæр, ратолгæй, кæмæ рат-
дзæнæн, е». Къæбæр ратулдта æма 'й равардта Иудæмæ, Симон
Искариоти фуртмæ.

27 Иудæ къæбæр куддæр райста, уотæ си бацудæй сайтан. Йесо
Иудæн загъта: «Ци кæнунмæ гъавис, уой кæнæ тагъддæр». 28 Фалæ
фингæбæл ка бадтæй, уонæй неке балæдæрдтæй, Иудæн цæмæ
гæсгæ уотæ загъта, уой. 29 Æхцаивæрæн Иудæмæ ке адтæй, уомæ
гæсгæ еуетæ æнгъæл адтæнцæ, кæд ин Йесо уотæ зæгъуй: «Бæрæг-
бонмæ нæ ци гъæуй, уой балхæнæ», кенæ ба ин кæд мæгургортæн
ести дæттун кæнуй, зæгъгæ. 30 Иудæ къæбæр райста æма уайтагъд-
дæр фендæбилæ ’й. Адтæй æхсæвæ.

### *Нæуæг фæдзæхст*

31 Иудæ ку рацудæй, уæд Йесо загъта: «Нур Адæймаги Фурти ка-
дæ раргом æй, æма Адæймаги Фурти фæрци раргом æй Хуцауи ка-
дæ дæр. 32 Кæд æма Хуцауи кадæ Уой фæрци раргом æй, уæд
Хуцау Æхуæдæг дæр Адæймаги Фурти искадгин кæндзæнæй, æма
’Й искадгин кæндзæнæй рæхги. 33 Мæ хортæ, берæ нæбал уодзæ-
нæн уæ хæццæ. Агордзинайтæ Мæн æма, иудейтæн куд загътон,
Æз кумæ цæун, уордæмæ сумах бон не ’суодзæнæй æрцæун, зæгъ-
гæ, уотæ нур сумахæн дæр зæгъун.

34 Дæттун уин нæуæг фæдзæхст: кæрæдзей уарзетæ. Æз уæ куд
бауарзтон, уотæ сумах дæр кæрæдзей уарзетæ. 35 Кæрæдзей ку уар-
зайтæ, уæд уомæ гæсгæ алкедæр базондзæнæй, сумах Мæ ахургæ-
нуйнæгтæ ке айтæ, уой».

### *Йесой дзубанди Петри хæццæ*

36 Симон Петр Йесой бафарста: «Хецау, Ду кумæ цæуис?»
Йесо ин дзуапп равардта: «Æз кумæ цæун, уордæмæ нуртæккæ
Мæ фæдбæл цæун дæ бон нæй, фæстæдæр ба рацæудзæнæ».
37 Петр загъта Уомæн: «Хецау! Нур ба цæмæн нæй мæ бон Дæ
фæдбæл цæун? Æз Дæу туххæй мæ уод дæр нæ бавгъау кæндзæ-
нæн». 38 Йесо ин дзуапп равардта: «Ду Мæн туххæй дæ уод нæ
бавгъау кæндзæнæ, зæгъис? Æцæг, æцæг зæгъун дæуæн: уасæн-
гæ нæма ниуурасдзæнæй, ду ба Мæбæл æртæ хатти бавдесæн
кæндзæнæ.

### *Фидæмæ над*

**14** 1 Тухсгæ ма кæнетæ: æууæндетæ Хуцаубæл æма Мæнбæл дæр
æууæндетæ. 2 Мæ Фиди хæдзари цæрæн бунæттæ берæ ес.
Уотæ ку нæ уайдæ, уæд уин нæ зæгъинæ: „Æз цæун сумахæн бунат
æрцæттæ кæнунмæ“. 3 Æма ку рандæ уон æма уин бунат ку æр-
цæттæ кæнон, уæд бабæй æрцæудзæнæн æма уæ фæххондзæнæн

Мæхемæ, цæмæй сумах дæр, Æз кæми дæн, уоми уайтæ. 4 Æз ку-
мæ цæун, уордæмæ над зонетæ».

5 Фома Ин загъта: «Хецау, кумæ цæуис, уой ку нæ зонæн, уæд
имæ над ба куд зонæн?» 6 Йесо ин загъта: «Æз дæн над, æцæгдзий-
надæ æма цард. Мæ Фидæмæ неке æрцæуддзæнæй, Мæ фæрци ку не
’рцæуа, уæд. 7 Сумах Мæн ку зониайтæ, уæд Мæ Фиди дæр зониай-
тæ; æма ’Й зонгæ дæр кæнетæ, уингæ дæр Æй фæккодтайтæ».

8 Филипп Ин загъта: «Хецау, фæууинун нин кæнæ Дæ Фиди,
æма е нæ фагæ æй». 9 Йесо имæ дзоруй: «Уойбæрцæ рæстæг дæн
уæ хæццæ, æма Мæ уæддæр нæма зонис, Филипп? Мæн ка фæу-
уидта, е фæууидта Мæ Фиди. Уæд куд зæгъис: „Фæууинун нин
кæнæ Фиди“? 10 Гæр, ду не ’ууæндис, Æз Мæ Фиди хæццæ еу ке
дæн, æма Мæ Фидæ Мæ хæццæ еу ке æй, уобæл? Æз сумахæн ци
дзорун, уой Мæхе номæй нæ дзорун: Мæ хæццæ еу Ка æй, Мæ
Еци Фидæ кæнуй Æ гъуддæгтæ. 11 Æууæндетæ Мæбæл: Æз Мæ
Фиди хæццæ еу дæн, Мæ Фидæ ба Мæ хæццæ еу æй; кæд не
’ууæндетæ, уæдта уæддæр Мæ гъуддæгтæмæ гæсгæ æууæндетæ.

12 Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: Мæнбæл ка æууæндуй, е дæр
кæндзæнæй, Æз ци гъуддæгтæ кæнун, уони, æма нигги фулдæр дæр
исараздзæнæй, уомæн æма Æз Мæ Фидæмæ цæун. 13 Æма Мæ ном
иссергæй ци ракорайтæ, уой исараздзæнæн, цæмæй Фиди кадæ рар-
гом уа Фурти фæрци. 14 Мæ ном иссергæй Мæнæй ци ракорайтæ,
уой исараздзæнæн.

### *Йесо зæрдæ байвардта*

15 Кæд Мæ уарзетæ, уæд æнхæст кæнетæ Мæ фæдзæхститæ.
16 Æма Æз ракордзæнæн Мæ Фидæй æма уин ратдзæнæй æндæр
Рæвдауæг, цæмæй уæ хæццæ уа æносмæ – 17 æцæгдзийнади Уод[a].
Дуйнейæн æ бон Уой райсун нæй, уомæн æма ’Й нæ уинуй æма
’Й нæ зонуй. Сумах ба ’Й зонетæ, уомæн æма уæ хæццæ æй æма
уæ зæрди цæрдзæнæй.

18 Седзæрæй уæ нæ ниууадздзæнæн – æрцæудзæнæн фæстæмæ
сумахмæ. 19 Берæ нæбал гъæуй, уæдта дуйне Мæн нæбал фæууин-
дзæнæй, сумах ба Мæ фæууиндзинайтæ, уомæн æма Æз цæрун,
æма сумах дæр цæрдзинайтæ. 20 Еци бон сумах базондзинайтæ, Æз
Мæ Фиди хæццæ еу ке дæн, сумах Мæн хæццæ еу ке айтæ, æма
Æз сумах хæццæ еу ке дæн, уой. 21 Мæ фæдзæхститæ ка фегъуста

[a] **14:17** *Æцæгдзийнади Уод* – уотæ Йесо хонуй Хуцауи Уоди, уомæн æма Е æргом кæнуй Хуцауи æцæгдзийнадæ.

æма сæ ка æнхæст кæнуй, е уарзуй Мæн. Мæн ка уарзуй, уой ба
Мæ Фидæ бауарздзæнæй. Æз дæр æй бауарздзæнæн æма ин Мæхе
раргом кæндзæнæн».

[22] Иудæ (Искариот нæ) Ин зæгъуй: «Хецау, е куд уодзæнæй? Ма-
хæн Дæхе раргом кæндзæнæ, дуйнейæн ба нæ?» [23] Йесо ин дзуаппæн
загъта: «Ка Мæ уарзуй, е исæнхæст кæндзæнæй Мæ дзурд, æма уой
Мæ Фидæ бауарздзæнæй. Мах имæ æрцæудзинан æма имæ æрбунат
кæндзинан. [24] Мæн ка нæ уарзуй, е не 'нхæст кæнуй Мæ дзурдтæ.
Сумах ци дзурд игъосетæ, е Мæн нæй, фалæ Мæ рарветæг Фиди.

[25] Уони уин загътон, уæ хæццæ уогæй. [26] Мæ Фидæ Мæ бæсти
Ке рарвета, Еци Рæвдауæг, Сугъдæг Уод, сумах исахур кæндзæнæй
алцæбæл дæр æма уин уæ зæрдæбæл æрлæууын кæндзæнæй, цидæр
уин дзурдтон, уони.

[27] Фарнæ уадзун сумахæн, Мæ фарнæ уин дæттун. Дуйне куд
дæттуй, Æз уотæ нæ дæттун. Тухсгæ ма кæнетæ æма ма тæрсетæ.
[28] Фегъустайтæ, Æз уин ци загътон, уой: „Цæун æма æрцæудзæ-
нæн сумахмæ". Мæн ку уарзиайтæ, уæд исцийнæ кæниайтæ, Мæ
Фидæмæ ке цæун, уой туххæй, уомæн æма Мæ Фидæ Мæнæй
уæлдæр æй. [29] Æма цалинмæ нæма исæнхæст æй, уæдмæ уин æй
зæгъун, цæмæй ку исæнхæст уа, уæд бауæндайтæ.

[30] Берæ рæстæг Мин нæбал ес сумах хæццæ дзорунмæ, уомæн æма
аци дуйней æлдар æрбацæуй. Мæнбæл ба æ барæ нæ цæуй, [31] фалæ
дуйне гъæуама базона, Æз Мæ Фиди ке уарзун æма Мин Фидæ куд
бафæдзахста, уотæ ке кæнун, уой. Исистетæ, рандæ уæн ардигæй.

### *Кnaristе — сæнæфсерæ Бæласæ*

**15** [1] Æз дæн æцæг сæнæфсерæ Бæласæ, Мæ Фидæ ба – сæ-
нæфсерæмæ Зелæг. [2] Мæ къалеутæй сæнæфсерæ кæбæл нæ
фæууй, уони ралух кæнуй, сæнæфсерæ кæбæл фæууй, уой ба ник-
кæдзос кæнуй, цæмæй фулдæр сæнæфсерæ ратта. [3] Нур сумах
кæдзосгонд айтæ, Æз уин ци дзурдтæ загътон, уонæй. [4] Мæ хæццæ
уотæ еу, æма Æз сумах хæццæ уодзæнæн еу. Къалеу бæласæбæл ку
нæ уа, уæд æхе бон сæнæфсерæ дæттун нæй. Уотæ уодзинайтæ су-
мах дæр, Мæ хæццæ еу ку нæ уайтæ, уæд.

[5] Æз дæн сæнæфсерæ Бæласæ, сумах ба къалеутæ. Мæ хæццæ еу
ка æй, æма Æз еу ке хæццæ дæн, е æрхæссуй берæ пайда; æнæ
Мæнæй ба неци кæнун æй уæ бон. [6] Мæн хæццæ еу ка нæ уа, е
гæлст æрцæудзæнæй къалеуи хузæн æма ниххускъæ уодзæнæй;
уæхæн къалеутæ ба æрæмбурд кæнунцæ, арти сæ багæлдзунцæ
æма сæ басодзунцæ. [7] Сумах Мæн хæццæ еу ку уайтæ æма Мæ

дзурдтæ уæ зæрди ку уонцæ, уæд уæ цидæр фæндæуа, уой коретæ,
æма уин уодзæнæй. 8 Берæ пайда ку раттайтæ, уæд уодзинайтæ Мæ
ахургæнуйнæгтæ, æма уомæй искадгин уодзæнæй Мæ Фидæ.

9 Мæ Фидæ Мæ куд бауарзта, уотæ уæ бауарзтон Æз дæр. Мæ
уарзондзийнади уотæ. 10 Мæ фæдзæхститæ ку æнхæст кæнайтæ,
уæд уодзинайтæ Мæ уарзондзийнади, Æз Мæ Фиди фæдзæхститæ
куд исæнхæст кодтон æма Уой уарзондзийнади куд дæн, уотæ.
11 Уони уин уомæн загътон, цæмæй Мæ цийнæ уа уæ зæрдити æма
уæ цийнæн кæрон ма уа.

12 Мæнæ Мæ фæдзæхст: уæ кæрæдзей уарзетæ, Æз уæ куд ба-
уарзтон, уотæ. 13 Уомæй тухгиндæр уарзт нæййес, æма еске æ цард æ
лимæнти туххæй ку ратта. 14 Сумах айтæ Мæ лимæнтæ, Æз уин ци
фæдзæхсун, уони кæд æнхæст кæнетæ, уæд. 15 Æз уæ нур цагъартæ
нæбал хонун, уомæн æма цагъар нæ зонуй, æ хецау ци кæнуй, уой.
Фал уæ Æз исхудтон лимæнтæ, уомæн æма уин загътон, Мæ Фи-
дæй цидæр фегъустон, уой. 16 Сумах Мæ нæ равзурстайтæ, фал уæ
Æз равзурстон æма уин уæ барæ бакодтон, цæмæй цæуайтæ æма
хæссайтæ пайда, æма еци пайда уа æносмæ. Æма уæд цидæриддæр
ракорайтæ Мæ Фидæй Мæ номæй – ратдзæнæй уин. 17 Уой уин
фæдзæхсун: уарзетæ уæ кæрæдзей.

### *Дуйнейæн – æнæуинон*

18 Дуйнейæн æнæуинон кæд айтæ, уæд зонетæ, сумахæй раздæр
дуйне е 'сæфт Мæнæй ке фæуудта, уой. 19 Сумах дуйнейæй ку уи-
айтæ, уæд дуйне сумах уарзидæ куд æхеуони. Дуйнейæй ке нæ айтæ,
фал уæ Æз ке равзурстон æма уæ дуйнейæй ке рахецæн кодтон, уой
туххæй ба уи дуйне е 'сæфт уинуй. 20 Уæ зæрдæбæл даретæ, Æз уин
ци загътон, уой: цагъар æ хецауæй уæлдæр нæй. Кæд Мæн æф-
хуардтонцæ, уæд сумах дæр æфхуæрдзæнæнцæ, кæд Мæ дзурд æн-
хæст кодтонцæ, уæд сумах дзурд дæр æнхæст кæндзæнæнцæ. 21 Уотæ
уин кæндзæнæнцæ Мæ номи туххæй, уомæн æма нæ зонунцæ Мæ
Рарветæги.

22 Æз ку нæ æрцудайнæ æма син ку нæ дзурдтайнæ, уæд сæ
тæрегъæди фудгин нæ адтайонцæ; нур ба фудгин æнцæ æма сæхе
не 'сраст кæндзæнæнцæ. 23 Мæнæй е 'сæфт ка уинуй, е Мæ Фи-
дæй дæр е 'сæфт уинуй. 24 Ке некема искодта, еци гъуддæгтæ син
се 'хсæн ку не скодтайнæ, уæд сæ тæрегъæди фудгин нæ адтай-
онцæ. Нур ба уингæ дæр фæккодтонцæ, уæддæр се 'сæфт уинунцæ
Мæнæй дæр æма Мæ Фидæй дæр, 25 фал гъæуама уотемæй исæн-
хæст уа сæ Закъони финст: „Дзæгъæли Ми уинунцæ се 'сæфт“.

26 Мæ Фидæй уин Ци Рæвдауæг æрæрветон, Е ку æрцæуа, æцæг-
дзийнади Уод, Фидæй Ка æрцæуй, Е, уæд æвдесæн уодзæнæй
Мæн туххæй. 27 Æма сумах дæр Мæн туххæй лæудзинайтæ æвде-
сæн, уомæн æма тæккæ райдайæнæй дæр Мæ хæццæ айтæ.

16 1 Уони уин уомæн загътон, цæмæй сумах ма фæккеуайтæ.
2 Рауæтæрдзæнæнцæ синагогитæй, сауæнгæ ма уæхæн рæстæг
дæр æрцæуй, æма сумах ка мара, е æнгъæл уодзæнæй, цума уомæй
Хуцауæн косуй. 3 Уотæ ба уомæн кæндзæнæнцæ, æма нæ базуд-
тонцæ нæдæр Мæ Фиди, нæдæр Мæн. 4 Æз уой сумахæн уомæн
загътон, цæмæй еци рæстæг ку æрцæуа, уæд уæ зæрдæбæл лæууа,
Æз уин уой туххæй ци дзурдтон, е. Раздæр ба уин æй, уæ хæццæ
ке адтæн, уомæ гæсгæ нæ дзурдтон.

### *Сугъдæг Уоди архайд*

5 Нур ба цæун Мæ Рарветæгмæ, æма Мæ сумахæй неке бафæр-
суй, кумæ цæуис, зæгъгæ. 6 Фалæ уин уой ке загътон, уомæ гæсгæ
уæ зæрдæ исунгæг æй. 7 Уæддæр уин æцæг зæгъун: хуæздæр æй су-
махæн Мæ рандæ ун, уомæн æма ку нæ рандæ уон, уæд уæмæ
Рæвдауæг не 'рцæудзæнæй. Фалæ ку рандæ уон, уæдта уæмæ 'Й
æрæрветдзæнæн. 8 Æма Е ку æрцæуа, уæд раргом кæндзæнæй дуй-
ней азум. Е равдесдзæнæй, тæрегъæд, рæстдзийнадæ æма тæрхон
ци æнцæ, уой. 9 Тæрегъæд уой медæг æй, æма Мæнбæл не
'ууæндунцæ. 10 Рæстдзийнадæ уой медæг æй, æма Æз Мæ Фидæмæ
цæун, æма Мæ нæбал фæууиндзинайтæ. 11 Тæрхон ба уой медæг
æй, æма аци дуйней æлдар тæрхонгонд æй.

12 Берæ зæгъуйнæгтæ ма ес Мæнмæ сумахæн, фалæ сæ нур нæ ба-
лæдæрдзинайтæ. 13 Фалæ Е, æцæгдзийнади Уод, ку æрцæуа, уæд уин
раргом кæндзæнæй æгас æцæгдзийнадæ дæр, уомæн æма Æхе но-
мæй нæ дзордзæнæй, фалæ ци фегъоса, уой дзордзæнæй, æма уин
фегъосун кæндзæнæй, ци æрцæуйнаг æй, уой. 14 Е искадгин кæн-
дзæнæй Мæн, уомæн æма Мæнæй райсдзæнæй æма уин фегъосун
кæндзæнæй. 15 Фидæмæ цидæриддæр ес, е Мæн æй; уомæ гæсгæ
уин загътон, Мæнæй райсдзæнæй æма уин фегъосун кæндзæнæй.

### *«Уе 'нкъард цийнæмæ рацæудзæнæй»*

16 Тагъд Мæ нæбал фæууиндзинайтæ, фалæ бабæй Мæ уой фæс-
те тагъд фæууиндзинайтæ».

17 Æ ахургæнуйнæгтæй еуæй-еуетæ дзурдтонцæ кæрæдземæн:
«Е ци дзоруй махæн: „Тагъд Мæ нæбал фæууиндзинайтæ, фалæ

бабæй Мæ уой фæсте тагъд фæууиндзинайтæ“, æма: „Æз Мæ
Фидæмæ цæун“?» [18] Етæ дзурдтонцæ: «Тагъд ци хонуй? Ци нин
дзоруй, уой нæ лæдæрæн».

[19] Йесо зудта, бафæрсунмæ ’Й ке гъавунцæ, уой, æма син загъта:
«Уæ кæрæдзей уобæл фæрсетæ, уотæ уин ке загътон, тагъд Мæ нæ-
бал фæууиндзинайтæ, фалæ бабæй Мæ уой фæсте тагъд фæууиндзи-
найтæ, зæгъгæ? [20] Æцæг, æцæг зæгъун сумахæн: искæудзинайтæ æма
исдзиназдзинайтæ, дуйне ба исцийнæ кæндзæнæй; сумах æнкъард
уодзинайтæ, фалæ уе ’нкъард цийнæмæ рацæудзæнæй. [21] Æнгъæл-
дзау силгоймагæн æ афонæ ку æрбахæстæг уй, уæд нинкъард уй,
уомæн æма æ уодхари сахат ралæудтæй. Фал ин сувæллон ку райгу-
руй, уæдта фурцийнæй феронх уй æ уодхар, уомæн æма дуйнемæ
райгурдæй адæймаг. [22] Уотæ сумах дæр нур æнкъард кæнетæ; фалæ
бабæй уæ Æз фæууиндзæнæн, æма зæрдæй исцийнæ кæндзинайтæ,
æма уин уæ цийнæ райсун неке бон бауодзæнæй.

[23] Еци бон Мæ нецæбæл бафæрсдзинайтæ. Æцæг, æцæг зæгъун
сумахæн: цидæриддæр ракорайтæ Мæ Фидæй Мæ номæй – рат-
дзæнæй уин. [24] Нуриуæнгæ Мæ номæй неци курдтайтæ. Коретæ
æма райсдзинайтæ, æма уæ цийнæн кæрон нæ уодзæнæй.

### *«Æз фæууæлахез дæн дуйнебæл»*

[25] Æз уин нурмæ дзурдтон æмбесæндтæй. Фал æрцæуй афонæ,
æма уин æмбесæндтæй нæбал дзордзæнæн, фалæ уин æргомæй
фегъосун кæндзæнæн Фиди туххæй. [26] Еци бон кордзинайтæ Мæ
номæй, æма уин нæ зæгъун, сумах туххæй кордзæнæн Фидæй,
зæгъгæ – [27] Фидæ Æхуæдæг уарзуй сумах, уомæн æма бауарзтайтæ
Мæн æма бауæндтайтæ, Æз Хуцауæй ке рацудтæн, уобæл. [28] Æз
Мæ Фидæй рацудтæн æма æрцудтæн дуйнемæ. Нур уадзун дуйне
æма цæун Мæ Фидæмæ».

[29] Æ ахургæнуйнæгтæ Ин загътонцæ: «Нур Ду æргом дзубанди
кæнис, æмбесæндтæй нæбал дзорис. [30] Нур лæдæрæн: Ду алцидæр
зонис. Ду рагагъоммæ зонис, цæмæй Дæ фæрсдзæнæнцæ, уой.
Уомæ гæсгæ æууæндæн: Ду Хуцауæй рацудтæ».

[31] Йесо син дзуапп равардта: «Нур æууæндетæ? [32] Мæнæ æрцæуй
рæстæг, уæдта цæугæ дæр æркодта, æма ниппурх уодзинайтæ –
алке æхе ’рдæмæ, Мæн ба еунæгæй ниууадздзинайтæ. Фал Æз
еунæг нæ дæн, Фидæ Мæ хæццæ æй. [33] Уони уин уомæн загътон,
цæмæй уайтæ Мæ хæццæ еу æма уайтæ хайгин Мæ фарнæй. Дуй-
ней æвзардзинайтæ гъезæмæрттæ, фалæ тæрсгæ ма кæнетæ: Æз
фæууæлахез дæн дуйнебæл».

### *Йесо ковуй*

**17** 1 Еци загъди фæсте Йесо искастæй уæларвмæ æма загъта:
«Мæ Фидæ, æрцудæй рæстæг. Искадгин кæнæ Дæ Фурти,
цæмæй Дæ Дæ Фурт дæр искадгин кæна. 2 Уомæн æма Ин Ду Æ
барæ бакодтай алли адæймаги дæр, цæмæй Ду Ин ке равардтай,
уонæн сегасемæн дæр ратта æносон цард. 3 Æносон цард ба æй
Дæу зонун, еунæг æцæг Хуцауи, æма Де ’рвист Йесо Киристей.
4 Æз Дæ искадгин кодтон зæнхæбæл: исæнхæст кодтон, ци гъуддаг
Мин бабарæ кодтай, уой. 5 Нур ба Ду искадгин кæнæ Мæн Дæ
рази, Мæ Фидæ, дуйне исфæлдесуни агъоммæ Мин Дæ рази ци
кадæ адтæй, уомæй.

6 Ду Мæнæн дуйнейæй ци адæм рахецæн кодтай æма равард-
тай, уонæн раргом кодтон Дæ ном. Етæ Дæу адтæнцæ, Ду сæ ра-
вардтай Мæнæн, æма Дæ дзурд исæнхæст кодтонцæ. 7 Нур етæ
балæдæрдтæнцæ, Ду Мин цидæриддæр равардтай, е Дæуæй ке æй,
уой. 8 Уомæн æма Мин Ду ци загътай, уой син фегъосун кодтон,
æма бауæндтæнцæ уобæл æма æцæгæй базудтонцæ, Æз Дæуæй ке
рацудтæн, æма си байрагæс æй, Ду Мæ ке рарвистай, е.

9 Æз уони туххæй ковун. Дуйней туххæй нæ, фал Мин Ду ке ра-
вардтай, уони туххæй ковун, уомæн æма етæ Дæу æнцæ. 10 Æма
Мæнмæ цидæриддæр ес, е Дæу æй, Дæумæ цидæриддæр ес, е ба
Мæн æй, æма Мæ кадæ раргом æй уонæми. 11 Æз нур Дæумæ цæ-
ун. Дуйней нæбал дæн, етæ ба дуйней æнцæ. Мæ Сугъдæг Фидæ,
Мæнæн ке равардтай, Дæ еци хъаурæй сæ багъæуай кæнæ, цæмæй
Мах еу куд ан, уотæ етæ дæр уонцæ еу. 12 Сæ хæццæ ку адтæн, уæд
сæ гъæуай кодтон, Мæнæн ке равардтай, Дæ еци хъаурæй. Æз сæ
багъæуай кодтон, æма си неке фесавдæй, æлгъист ка æй, уомæй
фæстæмæ, уомæн æма гъæуама исæнхæст уа Сугъдæг Финст.

13 Нур ба Дæумæ цæун, æма ма цалинмæ дуйней дæн, уæдмæ ’й
зæгъун, цæмæй Мæ цийнæй уонцæ хайгин æма сæ цийнæн ма уа
кæрон. 14 Æз син фегъосун кодтон Дæ дзурд, æма дуйне уонæй е
’сæфт фæууидта, уомæн æма дуйнейæй нæ ’нцæ, Æз куд нæ дæн
дуйнейæй, уотæ. 15 Дуйнейæй сæ цæмæй райсай, уой туххæй Дæмæ
нæ ковун, фал сæ цæмæй сайтанæй багъæуай кæнай. 16 Етæ дуйне-
йæй нæ ’нцæ, Æз куд нæ дæн дуйнейæй, уотæ. 17 Дæхеуон сæ ис-
кæнæ æцæгдзийнади фæрци – Дæ дзурд æй æцæгдзийнадæ. 18 Ду
Мæн дуйнемæ куд рарвистай, уотæ Æз дæр уони рарвистон дуйне-
мæ. 19 Æма Дин Мæхе уони сæрбæл дæттун нивонди, цæмæй етæ
дæр æцæгдзийнади фæрци исуонцæ Дæхеуон.

[20] Айдагъ уони туххæй нæ ковун, фалæ ма уони дзурдæй Мæн-
бæл ка бауæнда, уони туххæй дæр. [21] Уадзæ æма етæ еугурæй-
дæр уонцæ еу. Мæ Фидæ, Ду Мæн хæццæ, Æз ба Дæу хæццæ еу
куд ан, уотæ етæ дæр Нæ хæццæ уæнтæ еу, цæмæй дуйне бау-
уæнда, Ду Мæ ке рарвистай, уобæл. [22] Æма Мин Ду ци кадæ ра-
вардтай, уой син равардтон, цæмæй уонцæ еу, Мах еу куд ан,
уотæ. [23] Æз уони хæццæ еу дæн, æма Ду Мæн хæццæ еу дæ. Уа-
дзæ æма етæ дæр уонцæ æцæг еудзийнади, цæмæй дуйне базона,
Ду Мæ ке рарвистай, æма Мæн куд бауарзтай, уотæ уони дæр ке
бауарзтай, уой.

[24] Мæ Фидæ, Мæн фæндуй, цæмæй Мин Ду ке равардтай, етæ
дæр уонцæ Мæн хæццæ, Æз кæми дæн, уоми; æма Мин Ду ци
кадæ равардтай, уой уинонцæ. Еци кадæ Мин уомæн равардтай,
æма Мæ бауарзтай дуйне исфæлдесуни агъоммæ. [25] О Мæ раст Фи-
дæ, дуйне Дæ нæ базудта, Æз ба Дæ зонун, æма етæ базудтонцæ,
Ду Мæ ке рарвистай, уой. [26] Æма син Æз Дæ ном раргом кодтон
æма идарддæр дæр раргом кæндзæнæн, цæмæй Ду Мæн ци уарз-
тæй бауарзтай, еци уарзтæй уарзонцæ етæ дæр, æма Æз уони
хæццæ еу уон».

### *Йесой нийййахæстонцæ*

**18** [1] Йесо ку бакувта, уæд Æ ахургæнуйнæгти хæццæ рацудæй
Кедрони тæрфи иннæ фарсмæ, æма уоми ци рæзбун адтæй,
уордæмæ бацудæнцæ. [2] Еци бунат зудта Йесой рауæйæгæнæг Иудæ
дæр – Йесо æма Æ ахургæнуйнæгтæ ахид æмбурд кодтонцæ уоми.
[3] Иудæ æ хæццæ æрбахудта æфсæддонти къуар, уæдта хестæр сау-
гинтæ æма фарисейтæй æрвист Ковæндони гъæуайгæнгути, æма
етæ æрбацудæнцæ цирæгътæ, рохсгæнæнтæ æма хуæцæнгæрзти
хæццæ.

[4] Йесо зудта, цидæриддæр Ибæл æрцæуйнаг æй, уой, рацудæй
размæ æма син загъта: «Ке агоретæ?» [5] Дзуапп Ин равардтонцæ:
«Назаретаг Йесой». Йесо син загъта: «Е Æз дæн». Сæ хæццæ
лæудтæй Æ рауæйæгæнæг Иудæ дæр. [6] Æма син «Е Æз дæн» ку
загъта, уæд фæстæрдæмæ раампъез кодтонцæ æма зæнхæбæл æр-
хаудтæнцæ. [7] Бафарста бабæй сæ: «Ке агоретæ?» Етæ загътонцæ:
«Назаретаг Йесой». [8] Йесо дзуапп равардта: «Æз уин ку загътон,
Е Æз дæн, зæгъгæ. Кæд Мæн агоретæ, уæд ани рауадзетæ æма
цæуонцæ». [9] Уотæ загъта, цæмæй исæнхæст уа Æ дзурд: «Ду Мин
ке равардтай, уонæй Æз неке фесафтон».

[10]Симон Петрмæ адтæй кард, фæййæл-
васта, хестæр саугини цагъари си ниццавта
æма ин æ рахес гъос рахаун кодта. Еци ца-
гъарæн æ ном адтæй Малх. [11]Фалæ Йесо
загъта Петрæн: «Ниввæрæ дæ кард кæрдба-
дзи. Гæр, Мæ Фидæ Мин ци гъезæмари ни-
уазæн равардта, уой гъæуама ма баниуазон?»


*Кард*

### *Йесой бакодтонцæ Кайафи каййесмæ*

[12]Уæд æфсæддонтæ сæ сæргълæуууæги хæццæ æма иудейтæй æр-
вист гъæуайгæнгутæ ниййахæстонцæ Йесой æма 'Й исбастонцæ.
[13]Фиццаг Æй бакодтонцæ Аннæмæ – Кайафи каййесмæ. Кайафæ
еци анз адтæй хестæр саугин. [14]Е адтæй, иудейтæн уæхæн фæндæ
ка кодта, еунæг адæймаг ку рамæла адæми сæрбæлтау, уæд хуæз-
дæр æй, зæгъгæ, еци Кайафæ.

### *Симон Петр бавдесæн кодта Йесобæл*

[15]Йесой фæдбæл цудæнцæ Симон Петр æма ма æндæр ахургæ-
нуйнаг дæр. Еци ахургæнуйнаги зудта хестæр саугин, æма е Йесой
хæццæ хестæр саугини тургъæмæ бацудæй; [16]Петр ба лæудтæй
æндæдуар. Хестæр саугин ци ахургæнуйнаги зудта, е рацудæй, загъта
дуаргæс силгоймагæн æма бакодта Петри. [17]Дуаргæс силгоймаг фæр-
суй Петри: «Ду дæр Еци Адæймаги ахургæнуйнæгтæй нæ дæ?» Петр
загъта: «Нæ дæн». [18]Уоми ма лæудтæнцæ цагъартæ æма Ковæндони
гъæуайгæнгутæ дæр. Уазал ке адтæй, уомæ гæсгæ скодтонцæ арт æма
сæхе тавтонцæ. Петр дæр лæудтæй сæ хæццæ æма æхе тавта.

### *Йесой фæрсуй хестæр саугин*

[19]Уæдмæ хестæр саугин бафарста Йесой Æ ахурадæ æма Æ ахур-
гæнуйнæгти тухгæй. [20]Йесо ин дзуапп равардта: «Æз æргомæй
дзурдтон дуйнейæн. Æз алкæддæр амудтон синагогити æма
Ковæндони, иудейтæ æгасæй дæр кæми æмбурд кæнунцæ, уоми.
Сосæггæй неци дзурдтон. [21]Мæн ци фæрсис? Ка Мæмæ игъуста,
уони бафæрсæ, ци дзурдтон, уобæл. Етæ зонунцæ, ци дзурдтон, уой».
[22]Йесо уотæ ку загъта, уæд Ковæндони гъæуайгæнгутæй еу, хæс-
тæг Имæ ка лæудтæй, е, ниццавта Йесойæн Æ цæсгон æма Ин
загъта: «Хестæр саугинæн уæхæн дзуапп дæттис?» [23]Йесо ин дзуапп
равардта: «Кæд Æз раст нæ загътон, уæд æгасей рази зæгъæ, раст ци
нæ загътон, уой. Кæд раст загътон, уæдта Мæ цæмæн цæвис?»
[24]Уæд Аннæ Йесой бастæй рарвиста хестæр саугин Кайафæмæ.

### *Петр нæуæгæй бавдесæн кодта Йесобæл*

25 Симон Петр ба лæудтæй æма æхе тавта. Уæд æй фæрсунцæ:
«Ду дæр Уой ахургæнуйнæгтæй нæ дæ?» Е бавдесæн кодта Йесо-
бæл æма загъта: «Нæ дæн». 26 Хестæр саугини цагъартæй еу – Петр
ке гъос рахаун кодта, уой хæстæг – фæрсуй: «Рæзбуни Уой хæццæ
дæу нæ фæууидтон?» 27 Петр нæуæгæй бавдесæн кодта Йесобæл,
æма уайсахат усæнгæ ниууаста.

### *Йесой фæрсуй Пилат*

28 Сæумæраги Йесой Кайафæй ракодтонцæ бæстихецауи гала-
уанмæ. Иудейтæ сæхуæдтæ нæ бацудæнцæ галауанмæ, цæмæй ма
исцъумур уонцæ – æндæра син нæ адтайдæ Коу-
уадзæн бахуæруни барæ[а]. 29 Бæстихецау Пилат сæ-
мæ рацудæй æма загъта: «Цæмæй фудгин кæнетæ
Аци Адæймаги?» 30 Етæ ин дзуапп равардтонцæ: «Е
фудгæнæг ку нæ уайдæ, уæд Æй мах дæ къохтæмæ
нæ равардтайанæ». 31 Пилат сæмæ дзоруй: «Райсе-
тæ ’Й æма Ин уæхуæдтæ уæхе Закъонмæ гæсгæ
тæрхон кæнетæ». Иудейтæ ин загътонцæ: «Махмæ
еске маруни барæ нæййес». 32 Еци загъд рауадæй,
цæмæй исæнхæст уа Йесой дзурд, циуавæр мæлæ-
тæй рамæлдзæнæй, уой туххæй рагагъоммæ ке загъта, е[б].



*Дзиуарæ*

33 Уæд бабæй Пилат бацудæй галауанмæ, фæдздзурдта Йесомæ
æма Ин загъта: «Ду иудейти Паддзах дæ?» 34 Йесо дзуапп равардта:
«Уой дæхе зæрдæй дзорис, æви дин еске загъта Мæн туххæй?»
35 Пилат зæгъуй: «Æз ести иудей дæн? Дæу мæн къохмæ Дæ адæм
æма хестæр саугинтæ равардтонцæ. Ци бакодтай?» 36 Йесо дзуапп

---

[а] **18:28** Еци дзамани Иудейæ адтæй ромæгти дæлбар, æма æ бæстихецау дæр ромаг адтæй. Иудейтæ ин æ галауанмæ нæ бацудæнцæ, уомæн æма етæ æцæгæлæнтти цæрæнбунæттæ цъумурбæл нимадтонцæ.

[б] **18:32** Дзиуиттæгтæмæ рамаруни барæ ку адтайдæ, уæд Йесой, æвæдзи, ниццавтайонцæ дортæй. Фал сæмæ еци барæ ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ Йесой равардтонцæ ромæгти къохмæ, цæмæй Æй етæ сæ закъæнттæмæ гæсгæ байтиндзонцæ дзиуарæбæл. Уой туххæй Йесо рагагъоммæ загъта, уæлæмæ ист æрцæудзæнæн, зæгъгæ, ку дзурдта, уæд (кæсæ стих 12:32). *Дзиуарæбæл байтиндзун* – тæккæ гъезæмайрагдæр æма ходуйнагдæр мæлæт. Адæймаг рамæлидæ берæ сахætти дæргъци хъæбæр фæууодхаргæнгæй.

равардта: «Мæ Паддзахадæ аци дуйнейæй нæй. Аци дуйнейæй ку
уайдæ Мæ Паддзахадæ, уæд Мæ косгутæ тох кодтайонцæ, цæмæй
Ǽз иудейти къохтæмæ лæвæрд ма ’рцæуон. Фалæ Мæ Паддзахадæ
ардигæй нæй». 37 Пилат Ин загъта: «Мадта Ду Паддзах дæ?» Йесо
дзуапп равардта: «Ду зæгъис, Ǽз Паддзах ке дæн, уой. Ǽз уомæн
райгурдтæн æма æрцудтæн дуйнемæ, цæмæй æцæгдзийнади тух-
хæй æвдесæн лæууон. Ǽцæгдзийнадæй кадæр æй, е Мин Мæ
дзурд игъосуй». 38 Дзоруй Имæ Пилат: «Ци æй æцæгдзийнадæ?»

### *Рамаруни тæрхон*

Еци загъди фæсте бабæй рацудæй иудейтæмæ æма син загъта:
«Ǽз Имæ неци азум ерун. 39 Сумахмæ ес æгъдау, цæмæй Коууа-
дзæни рауадзон еу ахæсти. Фæндуй уæ, æма уин иудейти Паддзахи
рауадзон?» 40 Уæд нигъгъæр кодтонцæ: «Уой нæ, фалæ Варавви!»
Вараввæ ба адтæй фудгæнæг.

**19** 1 Уæд Пилат Йесой æхсæй фæннæмун кодта. 2 Ǽфсæддонтæ
ба синдзæй исбидтонцæ кадиходæ, Ǽ сæрбæл Ин æй æркод-
тонцæ, уæдта Ибæл искодтонцæ тарбунсурх дарæс[a], 3 баимæцæуи-
онцæ æма дзурдтонцæ: «Ǽгас цæуæд иудейти Паддзах!» Ǽма Ин
цавтонцæ Ǽ цæсгон.



*Ромаг æфсæддонтæ*

[a] **19:2** Гъома, Йесобæл искодтонцæ паддзахи дарæси хузæн, гириз Ибæл гæнгæй.

[4] Пилат бабæй рацудæй æма адæмæн загъта: «Мæнæ уæмæ ’Й ра-
хондзæнæн, цæмæй сумах зонайтæ, Æз Имæ ке неци азум ерун,
уой». [5] Уæд рацудæй Йесо синдзин ходи æма сурх дарæси. Пилат
сæмæ дзоруй: «Мæнæ Адæймаг!» [6] Хестæр саугинтæ æма Ковæндони
гъæуайгæнгутæ Йесой ку фæууидтонцæ, уæд нигъгъæр кодтонцæ:
«Байтиндзæ ’Й дзиуарæбæл! Байтиндзæ ’Й!» Пилат сæмæ дзоруй:
«Райсетæ ’Й æма ’Й уæхуæдтæ байтиндзетæ, æз Имæ неци азум
ерун». [7] Иудейтæ ин дзуапп равардтонцæ: «Махмæ ес Закъон, æма
еци Закъонмæ гæсгæ Е гъæуама рамæла, уомæн æма Æхецæй
Хуцауи Фурт аразуй».

[8] Пилат еци загъд ку фегъуста, уæд нигги хъæбæрдæр фæттарс-
тæй. [9] Бацудæй бабæй галауанмæ æма бафарста Йесой: «Кæцæй
Дæ?» Фалæ ин Йесо дзуапп нæ равардта. [10] Уæд Ин Пилат зæгъуй:
«Мæн хæццæ нæ дзорис? Нæ зонис, Дæ рауадзуни барæ дæр æма
Дæ байтиндзуни барæ дæр мæнмæ ке æй, уой?» [11] Йесо дзуапп
равардта: «Еу барæ дæр дæмæ нæ уайдæ Мæнбæл, уæларвæй дин
лæвæрд ку нæ уайдæ, уæд. Уомæ гæсгæ Мæн дæу къохтæмæ ка ра-
вардта, уобæл фулдæр тæрегъæд ес».

[12] Уæдæй фæстæмæ Пилат архайдта Æ рауадзунбæл. Иудейтæ ба
гъæр кодтонцæ: «Уой ку рауадзай, уæд ду кесæри[а] лимæн нæ дæ.
Æхецæй паддзах кадæр аразуй, е кесæри знаг æй». [13] Пилат уой ку
фегъуста, уæд Йесой æндæмæ ракодта, æма Лифостротон[б] ке худ-
тонцæ, дзиуиттагау ба – Гаввафæ, уоми тæрхонгæнæги бунати ис-
бадтæй. [14] Адтæй Коуадзæнмæ цæттæ кæнуни бон, рæфтæмæ
хæстæг. Пилат загъта иудейтæн: «Мæнæ уæ Паддзах!» [15] Фалæ етæ
нигъгъæр кодтонцæ: «Фесæфæд! Фесæфæд! Байтиндзæ ’Й!» Пилат
сæмæ дзоруй: «Уæ Паддзахи уин байтиндзон?» Хестæр саугинтæ
загътонцæ: «Махæн кесæрæй фæстæмæ паддзах нæййес». [16] Уæд син
æппунфæстаг Пилат æртастæй æма равардта Йесой байтиндзунмæ.

### *Йесой байтигъгонцæ*

Йесой ракодтонцæ, [17] æма Æ дзиуарæ хæсгæй, Е рацудæй, Сæр-
гæхци бунат ке худтонцæ, дзиуиттагау ба Голгофæ, уордæмæ.
[18] Уоми Йесой дзиуарæбæл байтигъгонцæ. Æ фæйнæфарс Ин бай-
тигъгонцæ æндæр дууей, астæуæй ба – Йесой.

[19] Пилат ниффинсун кодта æма финст дзиуарæбæл бакæнун код-
та. Финст адтæй: «Назаретаг Йесо, иудейти Паддзах». [20] Еци финст

---

[а] **19:12** *Кесæр* – ромаг паддзах.

[б] **19:13** *Лифостротон* (грекъагау) – «дорæй даст зæнхæ».

иудейтæй беретæ кастæнцæ, уомæн æма Йесой кæми байтигъ-
тонцæ, еци бунат идард нæ адтæй сахарæй. Финст ба адтæй дзи-
уиттаг, ромаг æма грекъаг æвзæгтæбæл. 21 Иудейаг хестæр саугинтæ
загътонцæ Пилатæн: «Ма финсæ „Иудейти Паддзах“, фалæ ниф-
финсæ: „Е загъта: Æз иудейти Паддзах дæн“». 22 Пилат дзуапп ра-
вардта: «Ци ниффинстон, уой ниффинстон».

23 Æфсæддонтæ Йесой ку байтигътонцæ, уæд Ин райстонцæ Æ
хъæппæлтæ æма сæ цуппар хайи ракодтонцæ, алли æфсæддонæн
дæр хай. Райстонцæ Ин Æ хæдонæ дæр, е ба худ нæ адтæй, фал ад-
тæй сæрæй бунмæ уфт. 24 Уæд сæ кæрæдземæн загътонцæ: «Скъунгæ
’й ма ракæнæн, фалæ хæлттæ исгæлдзæн, цума кæмæ æрхаудзæнæй».
Уомæн æма гъæуама исæнхæст адтайдæ, Сугъдæг Финст ци зæгъуй,
е: «Байурстонцæ Мин Мæ хъæппæлтæ се ’хсæн æма Мин Мæ хæдо-
нæбæл хæлттæ исгæлстонцæ». Уотæ бакодтонцæ æфсæддонтæ.

25 Йесой дзиуари рази лæудтæнцæ Æ Мадæ, Æ Мади хуæрæ,
уæдта Клеопи усæ Мариа æма, Магдали сахарæй ка адтæй, еци
Мариа. 26 Йесо фæууидта Æ Мади, Уой рази ба, ке уарзта, еци
ахургæнуйнаги, æма загъта Æ Мадæн: «Мæ Мадæ, мæнæ Дæ
фурт». 27 Уæдта загъта ахургæнуйнагæн: «Мæнæ дæ Мадæ». Æма
уæдæй фæстæмæ еци ахургæнуйнаг Уой райста æхемæ.

### *Йесой мæлæт*

28 Йесо зудта, алцидæр
ке исæнхæст æй, уой; æма
цæмæй Сугъдæг Финст
исæнхæст уа, уой туххæй
дзоруй: «Æдонуг дæн».
29 Уоми адтæй тауæг сæ-
нæй идзаг гъосин. Æфсæд-
донтæ губкæ тауæг сæни
ниттулдтонцæ, иссопбæл
æй бакодтонцæ æма ’й
Йесойæн Æ билтæмæ ба-
дардтонцæ. 30 Куддæр Йесо
тауæг сæнæй исахуста, уотæ
загъта: «Исæнхæст æй!»
Æма Æ сæр æркъолæ-
гæнгæй, Æ уод равардта Æ
Фидæмæ.



*Иссоп*
*Моисейи Закъонмæ гæсгæ си пайда кодтонцæ искæдзос кæнуни æгъдæутти.*



*Арцæ*

31 Адтæй майрæнбон, æма иудейти нæ фæндадтæй, цæмæй са-
бати мæрдтæ дзиуарæбæл байзайонцæ, уомæн æма сабати адтæй
устур кадгин бæрæгбон. Уой туххæй Пилатæй курдтонцæ, цæмæй
мæрдтæн сæ зæнгитæ басæттун кæна[а] æма сæ дзиуæрттæй æресун
кæна. 32 Уæд æрцудæнцæ æфсæддонтæ, æма Йесой хæццæ итигъд
ка адтæй, уонæй фиццаг еуемæн, уæдта иннемæн басастонцæ сæ
зæнгитæ. 33 Йесомæ ку бацудæнцæ, уæд Æй мардæй фæууид-
тонцæ æма Ин Æ зæнгитæ нæбал басастонцæ. 34 Фал Ин æфсæд-
донтæй еу арцæй барæхуста Æ фарс æма си уайтагъд ракалдæй тог
æма дон. 35 Æма уони ка фæууидта, е æвдесæн лæууй, æма æцæг
æй æ дзурд. Е зонуй, æцæг ке дзоруй, уой; æцæг ба уомæн дзоруй,
цæмæй сумах дæр бауæндайтæ. 36 Уомæн æма аци гъуддаг æрцу-
дæй, цæмæй исæнхæст уа, Сугъдæг Финст ци зæгъуй, е: «Еу стæг
дæр Си нæ басæтдзæнæй». 37 Æндæр рауæн ба Сугъдæг Финст зæ-
гъуй: «Кæсдзæнæнцæ, Ке барæхустонцæ, Уомæ».

### *Йесой байвардтонцæ*



*Миррæ бæласæ*
*Смирнæ (миррæ) – еци бæласи хъазар дзæбæхæсмаггæнæн къеуæ*

38 Уой фæсте Аримафейи сахарæй еу
лæг, æ ном Иосиф, курдта Пилатæй, цæ-
мæй ин ратта Йесой мард райсуни барæ.
(Иосиф адтæй Йесой
ахургæнуйнаг, фал
æй, иудейтæй тæрс-
гæй, не 'ргом кодта.)
Пилат барæ равардта.
Иосиф рандæ 'й æма
райста Йесой мард.
39 Æрцудæй ма Нико-
дим дæр, раздæр
Йесомæ æхсæвигон
ка æрбацудæй, е, æма
æрхаста сæдæ гиранкай бæрцæ дзæбæхæсмаг-
гæнæн – смирнæ алойи хæццæ[б]. 40 Райстонцæ



*Алой*
*Æ сифти донæй ин кодтонцæ хъазар дзæбæхæсмаггæнæн*

---

[а] **19:31** Дзиуарæбæл итигъд ка адтæй, етæ тагъддæр цæмæй рамæ-
лонцæ, уой туххæй син басæттионцæ сæ зæнгитæ.
[б] **19:39** *100 гиранкай* – 30 килограмми бæрцæ.

Йесой мард, æма 'й иудейаг æгъдаумæ гæсгæ батухтонцæ дзæбæх-
æсмаггæнæнæй гъудгонд мæрддзæгти. [41] Йесо кæми итигъд æрцу-
дæй, уоми адтæй рæзбун, рæзбуни ба – ивæрд кæми некема адтæй,
уæхæн нæуæг уобай. [42] Иудейаг сабат ке æрбахъæрттæй, уобай ба
хæстæг ке адтæй, уомæ гæсгæ си байвардтонцæ Йесой[а].

### *Ревæд уобай*

20 [1] Къуæрей фиццаг бон[б] магдалæйаг Мариа сæударæй æрцу-
дæй уобаймæ æма дин уинуй: бацæуæнæй дор еуварсгонд.
[2] Æма ледзгæ рандæ 'й Симон Петрмæ, уæдта Йесо ке уарзта, еци
ахургæнуйнагмæ, æма син загъта: «Хецауи райстонцæ уобаййæй,
æма 'Й кæми байвардтонцæ, уой нæ зонæн».

[3] Петр æма иннæ ахургæнуйнаг уайтагъд рацудæнцæ æма рараст
æнцæ уобаймæ. [4] Лигъдæнцæ дууемæй дæр, фалæ иннæ ахургæ-
нуйнаг Петрæй тагъддæр уадæй æма уобаймæ раздæр бахъæрттæй.
[5] Æргубур кодта æма си фæууидта мæрддзæгтæ, фалæ уобаймæ нæ
бацудæй. [6] Æ фæдбæл æрбахъæрттæй Симон Петр дæр, бацудæй
уобаймæ æма уинуй мæрддзæгтæ, [7] уæдта Йесой сæрбæл ци æфсæ-
рæбæттæн баст адтæй, уой дæр. Е иннæ мæрддзæгти хæццæ нæ
адтæй, фал хецæнæй тухтæй лæудтæй æ бунати. [8] Уæд иннæ ахур-
гæнуйнаг дæр – раздæр ка æрбахъæрттæй, е – бацудæй уобаймæ,
æма ку фæууидта, уæд бауæндтæй. [9] Сугъдæг Финстæй ба етæ нур
дæр нæма зудтонцæ, Йесо мæрдтæй ке гъæуама райгас уа, уой.

### *Йесо æма Мариа*

[10] Ахургæнуйнæгтæ раздахтæнцæ сæхемæ, [11] Мариа ба лæудтæй уо-
байи рази æма кудтæй. Кæугæй æргубур кодта æма бакастæй уобай-
мæ. [12] Æма уинуй: Йесой мард кæми ивæрд адтæй, уоми дууæ Изæди
уорс-уорсид хъæппæлти бадунцæ, еу Æ нивæрзæнæрдигæй, иннæ ба
Æ дæлфæдтæрдигæй. [13] Етæ ин зæгъунцæ: «Хуарз уосæ, цæбæл кæ-
уис?» Мариа син загъта: «Мæ Хецауи мин райстонцæ, æма 'Й кæми
байвардтонцæ, уой нæ зонун». [14] Уотæ ку загъта, уæд фæстæмæ ра-
кастæй æма Йесой лæугæй фæууидта, фал Æй нæ базудта.

[15] Йесо имæ дзоруй: «Хуарз уосæ, цæбæл кæуис? Ке агорис?»
Мариа уотæ æнгъæл адтæй, кæд рæзбунмæ зелæг æй, зæгъгæ, æма
Ин загъта: «Хуарз лæг, кæд Æй ду рахастай, уæд мин зæгъæ, кæми

---

[а] **19:42** Сабати мард ивæрун ке не 'мбалдæй, уомæ гæсгæ Йесой бай-
вардтонцæ хæстæгдæр уобайи.

[б] **20:1** *Къуæрей фиццаг бон* – сабати фæсте ци бон цæуй, е.

Ӕй байвардтай, уой, ӕз ба ’Й райсон». 16 Йесо ин зӕгъуй: «Мариа!»
Мариа Имӕ бакастӕй ӕма Имӕ дзоруй дзиуиттагау: «Раввуни!»
(гъома, Ахургӕнӕг). 17 Йесо имӕ дзоруй: «Ма Мӕбӕл бамбӕлӕ,
умӕн ӕма Мӕ Фидӕмӕ нӕма исцудтӕн; фалӕ цо Ме
’нсувӕртӕмӕ ӕма син зӕгъӕ, Ӕз ке цӕун Мӕ Фидӕмӕ ӕма уӕ
Фидӕмӕ, Мӕ Хуцаумӕ ӕма уӕ Хуцаумӕ».

18 Магдалӕйаг Мариа рацудӕй ӕма ахургӕнуйнӕгтӕн фегъосун
кодта, Хецауи ке фӕууидта ӕма ин Е ци загъта, уой.

### *Йесо ӕрбацудӕй Ӕ ахургӕнуйнӕгтӕмӕ*

19 Тӕккӕ еци бон, изӕрӕй, къуӕрейӕн ӕ фиццаг бон, ахургӕ-
нуйнӕгтӕ адтӕнцӕ еумӕ. Сӕ дуӕрттӕ ӕхгӕд адтӕнцӕ, умӕн
ӕма ахургӕнуйнӕгтӕ иудейтӕй тарстӕнцӕ. Уӕд ӕрбацудӕй Йесо,
сӕ астӕу ӕрлӕудтӕй ӕма син зӕгъуй: «Фӕрнӕйдзаг утӕ!» 20 Еци
загъди фӕсте сӕмӕ бавдиста Ӕ къохтӕ ӕма Ӕ фарс. Ахургӕнуй-
нӕгтӕ Хецауи ку фӕууидтонцӕ, уӕд исциййнӕ кодтонцӕ.

21 Йесо син дуккаг хатт загъта: «Фӕрнӕйдзаг утӕ! Мӕн Мӕ
Фидӕ куд рарвиста, утӕ уӕ Ӕз дӕр ӕрветун». 22 Еци загъди
фӕсте сӕбӕл бафу кодта ӕма сӕмӕ дзоруй: «Райсетӕ Сугъдӕг
Уод. 23 Кӕмӕн ниххатир кӕнайтӕ ӕ тӕрегъӕдтӕ, умӕн хатир-
гонд уодзӕнӕнцӕ; кӕбӕл сӕ ниууадзайтӕ, убӕл байзайдзӕ-
нӕнцӕ».

### *Йесо ӕма Фома*

24 Нур дууадӕсемӕй еу, Фома, фӕсномугӕй Фаззон ке худтонцӕ,
е, Йесо ку ӕрбацудӕй, уӕд сӕ хӕццӕ нӕ адтӕй. 25 Иннӕ ахургӕ-
нуйнӕгтӕ ин загътонцӕ: «Мах фӕууидтан Хецауи». Фома син загъ-
та: «Ӕ къохтӕбӕл Ин зӕгӕлтӕй гъӕдгинтӕ ку нӕ фӕууинон, ӕма
ме ’нгулдзӕ еци гъӕдгинти ку нӕ бацӕвон, Ӕ фарси ба – мӕ къох,
уӕд нӕ баууӕнддзӕнӕн».

26 Аст боней фӕсте бабӕй Йесой ахургӕнуйнӕгтӕ адтӕнцӕ хӕ-
дзари, Фома дӕр сӕ хӕццӕ. Дуӕрттӕ ӕхгӕд адтӕнцӕ, утемӕй
Йесо бацудӕй, слӕудтӕй сӕ астӕу ӕма загъта: «Фӕрнӕйдзаг
утӕ!» 27 Уӕдта дзоруй Фомамӕ: «Радарай де ’нгулдзӕ – мӕнӕ дин
Мӕ къохтӕ. Радарай дӕ къох ӕма ’й Мӕ фарси бацӕвӕ, ӕма
ӕнӕууӕндӕг ма уо, фалӕ уо ӕууӕндӕг». 28 Фома Ин дзуапп ра-
вардта: «Мӕ Хецау ӕма Мӕ Хуцау!» 29 Йесо ин зӕгъуй: «Ду бау-
уӕндтӕ, умӕн ӕма Мӕ фӕууидтай; тӕходуййаг ӕнцӕ, Мӕн ка
нӕ фӕууидта, утемӕй ка бауӕндтӕй, етӕ».

### *Цæй туххæй финст æрцудæй аци киунугæ*

[30] Йесо ма берæ дессæгтæ исаразта Æ ахургæнуйнæгти рази, етæ
аци киунуги финст нæ 'нцæ. [31] Атæ ба финст æрцудæнцæ, цæмæй
Йесо Хуцауи Фурт Киристе ке æй, уобæл бауужндайтæ, æма ку
æуужндайтæ, уæд уин Киристей фæрци цард уодзæнæй.

### *Йесо Æхе равдиста æртиккаг хатт*

21 [1] Уой фæсте бабæй Йесо Æ ахургæнуйнæгтæмæ Æхе равдиста
Тивериади денгизи билæбæл. Цæветтонгæ зингæ ба фæккод-
та уотæ.

[2] Еумæ адтæнцæ Симон Петр, Фома (фæсномугæй Фаззон),
Нафанаил галилейаг Канæй, Зеведейи фурттæ æма ма еу-дууæ
ахургæнуйнаги. [3] Симон Петр сæмæ дзоруй: «Цæун кæсалгæ ахæс-
сунмæ». Зæгъунцæ ин: «Мах дæр дæ хæццæ цæуæн». Рацудæнцæ,
сбадтæнцæ бæлæгъи, фалæ æппундæр неци ниййахæстонцæ еци
æхсæвæ.

[4] Бонивайæнти Йесо лæудтæй дони билæбæл, фал Æй Æ ахур-
гæнуйнæгтæ нæ базудтонцæ. [5] Йесо сæмæ дзоруй: «Æнсувæртæ,
ести ниййахæстайтæ?» Етæ дзуапп равардтонцæ: «Неци». [6] Е син
загъта: «Багæлдзетæ хизæ бæлæгъæн æ рахес фæрсти, æма ниййа-
хæсдзинайтæ». Етæ багæлстонцæ æма 'й исласун нæ фæразтонцæ,
уойбæрцæ кæсæлгитæ си адтæй.

[7] Уæд Йесо ке уарзта, еци ахургæнуйнаг дзоруй Петрæн: «Айæ
Хецау æй». Симон Петр, «Айæ Хецау æй», зæгъгæ, куддæр рай-
гъуста, уотæ æ пæлæз æ астæумæ ронæй æрбалваста (æ уæле æн-
дæр неци адтæй), æма билæмæ тагъддæр банакæ кæнуни туххæй
æхе денгизмæ ниггæлста. [8] Иннæ ахургæнуйнæгтæ ба, кæсæлгитæй
идзаг хизæ ласгæй, æрбанакæ кодтонцæ бæлæгъи; билæмæ сæ бе-
рæ нæбал гъудæй – æдеугурæй дууæ сæдæ цæнгæрини[a].

[9] Билæмæ ку рахизтæнцæ, уæд уинунцæ цæхæр, цæхæрбæл
кæсалгæ, цæхæрæн æ рази ба дзол. [10] Йесо сæмæ дзоруй: «Рахæс-
сетæ, ци кæсæлгитæ ниййахæстайтæ, уонæй». [11] Симон Петр ба-
цудæй бæлæгъмæ æма устур кæсæлгитæй æмидзаг хизæ билæмæ
раласта. Нимæдзæй си адтæй сæдæ фæндзай æртæ кæсалги, фалæ
уойбæрцæ кæсæлгити уæзæй дæр хизæ нæ раскъудæй. [12] Йесо
сæмæ дзоруй: «Рацотæ, бахуæретæ». Нур Æй ахургæнуйнæгтæй
ба неке æндиудта бафæрсун, «Ка дæ?», зæгъгæ, – балæдæрдтæнцæ,

---

[a] **21:8** *200 цæнгæрини* – 90 метри бæрцæ.

Е Хецау ке æй, уой. 13 Йесо бацудæй, райста дзол æма син æй ра-
вардта, равардта син кæсалгæ дæр.

14 Йесо Æ райгаси фæсте нур æртиккаг хатт равдиста Æхе Æ
ахургæнуйнæгтæмæ.

### *Йесо æма Петр*

15 Ку бахуардтонцæ, уæд Йесо дзоруй Симон Петрмæ: «Иони фурт
Симон, атæ Мæ цæй бæрцæ уарзунцæ, уомæй фулдæр Мæ уарзис?»
Петр Ин загъта: «Гъо, Хецау! Ду зонис, ке Дæ уарзун, уой». Йесо
имæ дзоруй: «Хезæ Мин Мæ уæриккитæ». 16 Дуккаг хатт æй фæрсуй:
«Иони фурт Симон, уарзис Мæ?» Петр Ин зæгъуй: «Гъо, Хецау! Ду
зонис, ке Дæ уарзун, уой». Йесо имæ дзоруй: «Фиййау уо Мæ фус-
тæн». 17 Æртиккаг хатт æй фæрсуй: «Иони фурт Симон, уарзис Мæ?»
Петр фенкъард æй, æртиккаг хатт æй ке бафарста «Уарзис Мæ?», уой
туххæй, æма Ин зæгъуй: «Хецау, ду алцидæр зонис. Ду зонис, ке Дæ
уарзун, уой». Йесо имæ дзоруй: «Хезæ Мин Мæ фустæ.

18 Æцæг, æцæг зæгъун дæуæн: ду ма æригон ку адтæ, уæд дæ ронæ
дæ астæубæл дæхуæдæг æрбабæдтисæ, æма дæ кумæ фæндадтæй,
уордæмæ рандæ уисæ; фал ку базæронд уай, уæдта райтиндздзæнæ
дæ къохтæ, æрбабæтдзæнæй дæ æндæр еске æма дæ ракæндзæнæй,
кумæ дæ нæ фæндæуа, уордæмæ». 19 Еци дзурдæй Йесо рагагъоммæ
загъта, Петр циуавæр мæлæтæй искадгин кæндзæнæй Хуцауи, уой.
Уой фæсте дзоруй Петрмæ: «Мæ фæдбæл цо».

### *Йесой уарзон ахургæнуйнаг*

20 Петр фæстæмæ ракастæй æма сæ фæсте цæугæ фæуундта, Йесо
ке уарзта, еци ахургæнуйнаги. (Еци ахургæнуйнаг æхсæвæри усми
æхе бахæстæг кодта Йесомæ æма 'Й бафарста: «Хецау, ка Дæ ра-
уæйæ кæндзæнæй?») 21 Петр уой ку фæуундта, уæд дзоруй Йесомæ:
«Хецау, е ба ци фæууодзæнæй?» 22 Йесо ин загъта: «Кæд Мæн уотæ
фæндуй, æма айæ, Æз цалинмæ æрцæуон, уæдмæ цæра, уæд ду ба ци
кæнис? Ду цо Мæ фæдбæл». 23 Æма еци дзурд уотæ райгъустæй æн-
сувæртæбæл, еци ахургæнуйнаг нæ рамæлдзæнæй, зæгъгæ. Фал Йесо
нæ загъта «Нæ рамæлдзæй», фалæ «Кæд Мæн уотæ фæндуй, æма
айæ, Æз цалинмæ æрцæуон, уæдмæ цæра, уæд ду ба ци кæнис?»

24 Еци ахургæнуйнаг æвдесæн лæууй ани туххæй. Е сæ ниффинс-
та, æма мах зонæн, æ дзурд æцæг ке æй, уой.

25 Берæ æндæр гъуддæгтæ дæр ма исаразта Йесо. Уони туххæй
лæмбунæг финсæ, зæгъгæ, уæд уойбæрцæ киунугутæ, уотæ æн-
гъæл дæн, æма æгас дуйней дæр нæ бацæудзæнæнцæ.

**ЙЕСО КИРИСТЕЙ ЕВАНГЕЛИ**
**Иоанни финст**

*Евангелие от Иоанна*
*на осетинском (дигорском) языке*

НИУ Институт перевода Библии
Лицензия № 01271 от 22.03.2000
101000 Россия, Москва, Главпочтамт, а/я 360

Подписано в печать .
Формат 60×84 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 3,72
Тираж 2000 экз. Заказ №

Отпечатано с готовых диапозитивов
в типографии «Принткорп»
ЛП № 347 от 11.05.1999
220141 Беларусь, Минск, Старобарисовский тракт, 40